ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№158 (22.316) • 2012 гъэм шыщхьэІум (август)ым и 15, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghegale.ru

● ЗэІуущІэхэр

## Зи къалэнхэр зымыгъэзащІэхэм нэхъ ткІийуэ ябгъэдыхьэнущ

**КъБР-м ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Кулиев Мустафир иджыблагъэ иригъэкІыжащ муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэм псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іуэхухэмкі я кІуэдзэхэр, унэхэр зэхьэзэ комиссиехэмрэ псэупІэр зи мылькуу щыгъэм я зэгуэкІынгъэхэмрэ я унафэщІхэр, подряд организацэхэм я ІыкІуэхэр къызрихьэлІа зэІущІэ.**

АР ТЕУХУАУЭ щытащ «2012 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэд хъуэу щыІэ унэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжыныр», «2012 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм куэду зэтемыт псэупІэу щыхуэхэм я бжыгъэм зэрызэгъэхуапхэр къальтауэ», щІыхуэр унэ кхъахъхэм къыщІэгъэІэпхъуэкІыныр» республикэ программэм хэчахэр зэрагъэзащІэрщ. А программэхэм тратьэкІуэдзэну ахъшэр къэрал корпорацэм - ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и ІэнатІэм реформэхэр щегъэкІуэжКІыным зыщІэгъэкъуэнымкІэ фондым кьеутІыпщ икІи абы республикэм езым и Іыхь хелъхьэ.

Кулиев Мустафир зэрыжиІамкІэ, Фондым кьнутІыпщ ахьшэр республикэм 2012 гъэм мэлыжьхьым и 2-м кьыІэрыхьащ. Лэскэн муниципальнэ районым щыщ Ерокъуэ къуажэ жылагъуэмрэ Прохладнэ къалэ жылагъуэмрэ нэмыщІ, программэм хэт адрей муниципальнэ щІыналъэ псоми щІыхуэхэр унэхьхэхэм къыщІэгъэІэпхъуэКІынымкІэ программэм хиубыдэу Іэ щІадзащ куэду зэтемыгъ ящхуэ унэхэм псэупІэхэр къыщыщэхунымкІэ контрактхэм. А контрактхэм, апхуэдэу Фондым и ахьшэ зэрыхухах хабзэм ящхь иткІэ Прохладнэ муниципальнэ районымрэ Шэрэдж муниципальнэ районым хыхьэ Бабугент къуажэ жылагъуэмрэ папщІэ республикэм сом мелуан 58-рэ мин 54-рэ (ахъшэ псоми я процент 70-р) кьыІэрыхьащ.

Программэм хэт муниципальнэ щІыналъэу 9-м фэтэр куэд хьуэу щыІэ унэхэр капитальнэу зэзыгъэпэщыжыну подряд Іуэхущ Іапхэр кьыхэхьныжмкІэ конкурсхэр щемыкІуэжКІыу кьэнар Балъкэр Итщ, Аушыджэр, Бесенги жылагъуэхэм я закъуэщ. КъБР-м ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым кьызэхуэсахэм зэхауэ гу лъаригъэтащ лэжьыгъэхэр зэрыраГъэкІуэКІыну графикхэр муниципалитетхэм ягурыІуэу зэхалъхьэн икІи абыхэм текІ имыІэу лэжьэн зэрыхуейр. Апхуэдэ Іуэхуэхэр нэгъэсауэ зымыгъэзащІэ подрядчикхэм иращІылІа къэрал контрактхэр «ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и ІэнатІэм реформэхэр щегъэкІуэКІыным зыщІэгъэкъуэнымкІэ фондым и Іуэхуэкі» Федеральнэ закон №185-ФЗ-м ипкъ иткІэ зэракъутэжыну икІи абыхэм ахъшэкІэ зэрегъэкъэчуныр.

ЗэІущІэм кърихьэлІащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэр, Къэрал псэупІэ инспекцэм и унафэщІыр, прокуратурэм и ІыкІуэр.

**КУМЫЩ Марьянэ,**
*КъБР-м ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.*

**ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ Лэскэн советым и еханэ сессием Лэскэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэу эдэдарэзыуэ щыхахащ Кебеков Валерий Сэфарбий и къуэр.**

КЕБЕКОВ Валерий 1953 гъэм щэкІуэгъуэм и 7-м Старэ Лэскэн къуажэм къыщалъхуащ. 1975 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр «Бухгалтер учет» Іэщ Іагъэмкі э кьиухри, Нарткъалэ и автотранспорт предприятэм пэжэн щыщІидзащ. 1981 - 1988 гъэхэм КПСС-м и Аруан райкомым промышленостымрэ транспортымкІэ и кІуэдамэм и инструктору щытащ. 1989 - 1991 гъэхэм щІыуэпсыр хьумэныжмкІэ район комитетым и тхьэмадзу Іэщ. 1993 - 1995 гъэхэм къэрал мылькур зехьэныжмкІэ район комитетым и тхьэмадзм и къуэдзу, а Іуэхущ Іапі эм и тхьэмадзу, 1995 - 2002 гъэхэм Аруан район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэу щытащ. КъБР-м ерыскъыкІэрэ сырьем елэжь промышленностымкІэ и министрым и къуэдзэу ягъэуфри, а Іэнатім 2004 гъэм и мазаем нэсыху Іутащ. 2004 гъэм и мазаем щегъэжьауэ 2010 гъэм нэсыху Лэскэн районым и администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэу щытащ. 2010 гъэ лъандзрэ Аруан район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэщ.

Илъэс куэдкІэ хэлэлу зэрылажьэм папщІэ Кебеков Валерий «Урысейм псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр къыфІащащ.

Унагъэщ, бынитІ иІэщ.

***КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.***

## Лэскэн районым и администрацэм и Іэтащхьэ Кебеков Валерий



● Шэрэдж куей

## Лэжьыгъэхэр зэпыуркъым

**Шэрэдж куейм и Іуэгуэхэр зыхуей хуэгъэзэным сом мелуани 3 хухахащ.**

МЫ щІыпІэм ремонт лэжьыгъэхэр къыщІэхьэлІэ Аруан гъэзэгуэхэр управленэм и лэжьакІуэхэм кьапэщыта кьалэнхэр нэсу кьыщІахьэлІащ Жэмтьэлэ Итщэ, Джэрпэджэж, Зэрэгъыж къуажэхэм. Лэжьыгъэхэр я гуащІэгъэуэу Балъкъэр Итщэ, Аушыджэр, Бесенги жылагъуэхэм иджыпсту щокІуэкІ. Мы щІыпІэхэм асфальтыр щІэуэ щытралъхьащ метр зэбгъуэзнатІэ мини 5-м щІигъум. Мыгувэу хуэхакІуэхэр иужь ихьэнущ Сукан-Су псым тель лъэмыжыр зэгъэпэщыжыным. Фиг кьэдгъэкІыжьынщ ди республикэм иІэ лъэмыжхэм я Іыхь щаиэм сэкъат щхьэхуэхэр ягъуэтауэ зэрэщытыр.

ДРСУ-р мыгувэу иужь ихьэнущ Хьэсэней - Джэрпэджэж - Къэщкъэтау гъуэгуэхэм елъэжьыным. Мы зэманым щІэуэ асфальт тралъхьэ икІи нэхъ бгъуэ ящІ Старэ Шэрэджэрэ Псыгунсурэ зэпызыщІэ гъуэгуэр.

**ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.**

## Ди хуэущ республикэхэм

**Къытрагъэзэжыну я мурадщ**

АДЫГЕЙ. ***ТхьэмахуитІкІэ республикэм щыхьэщІащ Тыркум щыпсэу адыгэхэм ящыщ ныбжьыщІэ 21-рэ. Цыху баинГынтІ зыщІыгъу гупыр иджы яІэу Адыгейм къэкІуауэ аращ. Ныбжьыщ Іэхэм яльэгъуар гунэс ящыхъуащ. Щежьэным абыхэм зэрыжаІащ, щюлэр ныхъ-мэ, Адыгейм еджакІуэ къэкІуэну я мурадщ.**

ныБжьыщІэхэм республикэм и щІыпІэ дахэхэр зрагъэльэгъуащ, щэнхабзэм щыгъуаз эщІащ, щыпсэ щыгъуаз «Хамэ къэрал щыпсэу ЛъахэгъуэхэмкІэ зэгъэпэщащ «Хамэ къэрал щыпсэу ЛъахэгъуэхэмкІэ зэгъэпэщыжыным икІи гъэбыдэн» 2012 - 2016 гъэхэм тещІыхьа пррограммэм ипкъ иткІэ икІи абы текІуэда мылькур республикэ бюджетым хухихащ. А унэтІыныгъэм и мурад нэхъыщхьэр Адыгеим нэгъуэщІ къэралхэм щыпсэу ди лъахэгъуэхэм яхуІэ щэнхабзэ, егъэджэныгъэ, экономикэ, нэгъуэщІ зэпыщІэныгъэхэр егъэфІакІуэныр щІ, нэхъри зегъэубгъуныр щІ.

**УнагъуэщІэ 300-м щІигъум ядоІэпыкъу**

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Ильэсыр къыхэрихьэрэ я псэупІэхэр ирагъэфІакІуэ папщІэ субсидиехэр унагъуэщІэ 305-м яІэрыхьащ.***

УНАГЪУЭЩІЭХЭР псэупІэкІэ къызэгъэпэщыныным теухуа программэр пхыгъэкІыным республикэ бюджетым хухих мылькур мы гъэм хуэдитІым нэблагъэкІэ ягъэбэгъащ. Нэгъабэ мелуан 14 хуаутІыщащ, 2012 гъэм ар мелуан 24-м хуэкІуащ. Федеральнэ мылькуу мелуани 132-рэ кьрашэлІащ. Демографие щытыкІэр гъэтэмэныным, унагъуэщІэхэм я псэупІэ гугъуехьхэр зэфІэхьныным хуэунэтІа программэр республикэм 2004 гъэ лъандэрэ щолажьэ. А зэманым кьрихубдзэу унагъуэщІэ 750-м я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуащ.

**Дунейм щынэхъ куу дыдэ бгъуэнщІагъ**

АБХЪАЗ. ***Республикэм щыІэ Курбер-Воронье бгъуэнщІагъым и щІэм нэсау спелеологхэм я дунейпсо гупыр. Абыхэм ящыщ Самохин Геннадий метр 2197-кІэ кІуэщІрыкІащ, бгъуэнщІагъым ехьныжмкІэ игъэувы рекордым метрн 6 щІригъэгъурн.**

АБХЪАЗЫМ и Арабикэ бгъытъэ щыпІэм щыІэ Крубер-Вороньэ щІыщІагъыр дуней псом щынэхъ куущ. Ар 1960 гъэм къагъэтауэ щытащ. 1980 гъэм Киев щыщ спелеологхэм бгъуэщІагъым и метр 340-рэ кууагъыр кьахутауэ щытащ. Ильэс кьэс экспедицэм зыхунгъэфащэ кууагъым хэхъуэу кьоКІуэКІ. 2007 гъэм Самохиныр а бгъуэнщІагъым метр 2191-кІэ ехри рекорд игъуващ. Иджы абы щІригъэгъащ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

● Прохладнэ куей

## Ди зэхуэдэ гуфІэгъуэ

**Къэрэгъэщ кьуажэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэр щигъэльапІэ фокІадэм и 1-м зыхуеГъэхъэзыр.**

«ИРЕГЪАГЪЭ ди Къэбэрдей-Балъкъэрыр» фІэщыгъэм щІэту Щэнхабзэмкі э унэм щекІуэКІынущ гуфІэгъуэ пшыхь. Абы кьрихьэлІэнущ кьуажэм и зыужьыныгъэм телажьэхэр, нэхъыжьхэр, жылагъуэ зэгъуэхьныгъэхэм я ІыкІуэхэр, щапхъэ зытрах унагъуэхэр, щІалэгъуалэр. Абыхэм я пащхьэ концерт щатыныщ Къэрэгъэшым и уэрэджьІакІуэ, къэфакІуэ ныбжьыщІэхэм.

ГуфІэгъуэ махуэм теухуауэ жылагъуэ унафэщІхэмрэ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэмрэ тепсэльыхьынущ щІыхуэхэм я псэуныгъэр егъэфІэкІуэным теухуауэ мы ильэсым къуажэм кьыщрахьэлІа лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэмрэ дяпэкІэ кьапэщыта кьалэнхэмрэ.

Пшыхьым щагъэзэщІнущ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм мамырыгъэм, гуащІэдэкІым, хэкум, зэпыщІэныгъэм ятеухуауэ я зэхащІыкъэ уэрэдхэр, уэсхэм кьеджэнущ, щІалэгъуалэм дерс къызыхахьну тепльэгъуэхэр ягъэльэгъуэнущ.

**Я псэукІэр ирагъэфІакІуэ**

**2012 гъэр и кІэм нэсыху Прохладнэ куейм щыІэрагъэпэщыжынущ къат куэду зэтет унэу 34-рэ. Абыхэм иращылІэнущ сом мелуан 58-рэ и уасэ лэжьыгъэхэр.**

ЦІЫХУХЭМ я псэуныгъэр егъэфІэкІуэнымкІэ мыхьэнэ ин зиІэ мы Іуэхуэхэр и чэзум фІэмыкІыу кьехьэлІэнымкІэ сэбэпшхуэ мэхьу кьудамэ куэду зэхэт псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэ-щІэ къызэрызэрагъэпэщар. Апхуэдэ иджыпсту зыщІыпІи ущрихьэлІэркъым. ЖКХ-м и лэжьыгъэм зэхьэзыкІынымкІэ хэрэ хлъхьэнымкІэ къэралым кьигъэува кьалэнхэр Прохладнэ щІыналъэм хуэдэу кьыщрахьэлІэ нобэкІэ зэрыщыныр ар и щыхьэт нэсщ.

ЖКХ-м и Іэнатім зэрыхэмрэ ямыгъэгъэнэщаэр Бжьахьуэ Руслан ирэ АфІэуэнэ Артуррэ. «Зи Іэкіэ Іуэхуэр кьезыхьэлІэ щыхуэм гуащІэдэкІым и уасэр ешІэ, сабий е балигъ ирехьуи икіи гуРыІуэгъуэщ абыхэм зэи яхьуреягъыр Іисрафэ эрэрымыщІынур»,- жаІащ жэрджэмщІакІуэхэм.

**ЖАНЪХУЭТ Зуэ.**

## Дунейм щыхъыбархэр

**Хьэршым егъэпІейтей**

**Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Медведев Дмитрий хьэршым теухуа зэІущІэ дыгъуасэ иригъэкІыжащ.**

Псалъэмакъ ткІий зэхэтащ икІи ар гурыІуэгъэщ - иужьрей лъэхъэнэм Урысейм хьэршым щыфІэкІуэдащ дэтхэнэри сом мелардихым щІигъу зи уасэ спутникитІ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуахэмрэ дяпэкІэ апхуэдэ кьыхэрамыгъэхъунымрэ зэІущІэм щыгъэпкърахащ.

Хьэршым щыщыІэ щытыкІэм екъэлІауэ доклад ищІащ «Роскосмос»-м и унафэщІ Поповкин Владимир. КьыщынэмыщІауэ, зэІущІэм хэтащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ Рогозин Дмитрий, финансхэмрэ экономикэ зыужьыныгъэмкІэ министрэм я къуэдзэхэр, нэгъуэщІ кьулыкъущІэхэр.

**Партым уепщІыжмэ…**

**«Зэхуагъэ здэщыІэ Урысей» партым щыщ Гудков Геннадий Къэрал Думэр фокІадэ мазэм кьызэрыгъэхуэсыжу, и депутат мандатым пагъэкІынкІэ хьунущ.**

Анхуэдэу кьэхъуфынущ Урысейм и Прокурор Нэхьыщхьэм Къэрал Думэм зыхунгъаззмэ. Гудковыр кьызыгъэжьын папщІэ депутатхэм я нэхъыбэм Іэ яІэтмэ зэфІэкІащ.

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Дунейр Іэрыхьэ-Іэрыкъщ.**

● Май куей

## Къалэр ягъэдахэ

**2011 - 2015 гъэхэм къриубыдэу ди республикэм и муниципальнэ гъуэгуэхэр зыхуей хуэгъэзэным ехьэлІауэ щыщ щІыналъэ программэм ипкъ иткІэ, Майк къалэм щызэрагъэпэщыжынущ уэрам 19.**

МАХУЭЖЭК Дзэлыкъуэкъуажэ щыпсэуэху щыхуэн 150-рэ зыхэтэ «Къабзагъэ акцэ» екІуэкІащ. Абы жыдджэру хэта сабийхэмрэ жылагъуэм дэс нэхъыжьхэмрэ парк ямрэ гуэл Іуфэмрэ ягъэкъабзащ.

Зи жэрдэмкІэ кьыдэжІа щыхуэхэм техникэ и лъэныкъуэкІэ къадэІэпыкъуащ щыпІэм щыщ бэджэндырыпхъажьэгъэ. Кьапщтэмэ, иджыпсту и гуащІэгъэуэ екІуэкІ гъаеу Іуфэмрэ Іуфэмрэ ягъэкъабзащ.

Зи жэрдэмкІэ кьыдэжІа щыхуэхэм техникэ и лъэныкъуэкІэ къадэІэпыкъуащ щыпІэм щыщ бэджэндырыпхъажьэгъэ. Кьапщтэмэ, иджыпсту и гуащІэгъэуэ екІуэкІ гъаеу Іуфэмрэ Іуфэмрэ ягъэкъабзащ.

Щыхьэхэм кьыхьхьа жылагъуэдэсхэм яІыгъащ пхъэ зэрыпІах, удзыр кьызэрах уней техникэ мыинхэри. Абы Іуэхуэр лъэныкъуэ куэдкІэ кьащирпъэсыщІащ икІи махуитІ зэкІэльыкІэм зэхуэфІэжащ пхъэзэнкІийрэ кІэрыхьэбжьэрыхьуэ ихьуреятІым щыІэр зэщІакьуэу, лъагэу дэкІея удэхэри щыпІэщыпІэхьэхэм кьыщахьыжьну.

Дзэлыкъуэкъуажэ щыпсэуэхэм фІыщІэ ин хуащІащ мы Іуэхуэр кьызэрыгъэпэщащэу Бжьахьуэ Руслан эрэ АфІэуэнэ Артуррэ.

«Зи Іэкіэ Іуэхуэр кьезыхьэлІэ щыхуэм гуащІэдэкІым и уасэр ешІэ, сабий е балигъ ирехьуи икіи гуРыІуэгъуэщ абыхэм зэи яхьуреягъыр Іисрафэ эрэрымыщІынур»,- жаІащ жэрджэмщІакІуэхэм.

**ЖАНЪХУЭТ Зуэ.**

● Дзэлыкъуэ куей

## Къабзагъэм хущІэкъуэхэм къахохъуэ

**Дыкъэзыухъурейхэр дзэлыкъуэкъуажэ щыпсэуэ фІэщІэкІуэным Дзэлыкъуэ куейм и жылагъуэхэм гулыитэ щхьэхуэ ират. Экологием и къабзагъэр хьумэныр ипэ зэригъэщыпхъэр щыхуэм я акыльым нэсащи, ди гугъэщ абы ІуэхуэфІэр кьрикІуэну»,- жаІэ район, кьохъэ администрацэхэм я ІэщІагъэлІхэр, щІыпІэхэр зэщІэгъэкъэбзэныкІэ жэуап зыхьхэм.**

МЫ МАХУЭЖЭК Дзэлыкъуэкъуажэ щыпсэуэху щыхуэн 150-рэ зыхэтэ «Къабзагъэ акцэ» екІуэкІащ. Абы жыдджэру хэта сабийхэмрэ жылагъуэм дэс нэхъыжьхэмрэ парк ямрэ гуэл Іуфэмрэ ягъэкъабзащ.

Зи жэрдэмкІэ кьыдэжІа щыхуэхэм техникэ и лъэныкъуэкІэ къадэІэпыкъуащ щыпІэм щыщ бэджэндырыпхъажьэгъэ. Кьапщтэмэ, иджыпсту и гуащІэгъэуэ екІуэкІ гъаеу Іуфэмрэ Іуфэмрэ ягъэкъабзащ. Аха ирахьыбэу щагъэувынущ утхэм, кьалэм и уэрам нэхъыщхьэм, парк кІуэцІым. Автобус къэувыІэпІэщІэхэри щІадзауэ яухуэ икІи ткІийуэ кІэлъоплъ абыхэм ящэгъунэгъуэу щыт жыгхэм ухуахІуэхэр зэран зэрахуэмыхъуным.

«Альтернативэ» коммунхозым и къарукІэ кьалэм и яныныкъуэ хьэблэхэм хабзэм кьемыдзэгъэнуэ къыщыхьэрагъэпэща пхъанкІий идзыпІэ зыбжанэ ягъэсеящ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

Норвегием и политик, редактор зыбжанэм ищІыбгъэ кьаІэрыхьа тхыгъэхэм кьызэрыхьэщІымкІэ, террор щІэпхьаджагъэ хьэлъэ зылэжьа Брейвик Андерс лажьэ эзэримыІэр жаІэу ар кьаучІыпщыжыну кьэзыгъэуэхэр щыІэщ. НэгъуэщІ лъэпкъхэм кхьахэІауэ я деж зыщызыгъэпсэху сабийхэр зэтезыкІар абыхэм я пашэу кьалъыгъ икІи хуит ар кьамыщІыжмэ, фІы зэрыщІамыгъэхьынур ябгъащІыркъым.




**♦Индием и лъэпкъ махуэщхэр.** 1945 гъэм щыпсэуа и унафэм щІэмыт къэралыгъуэ хьужащ.

♦Илъэсэ 105-рэ ирокъу ткІакІуэ **КІыщокъуэ Рашид** къызэралъхуэр.

♦Сурэтыщ, КъБР-м гъуаздджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **ЩІхьэпэ Владимир** 1940 гъэм къалъхуащ.

♦1941 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артист **Мэкъуауэ Хьэсэн.**

***Дунейм и щытыкІэнур:***

Пшэр техьэ-текІыу щытыну, уэшх мащІэ кьешхыну хуагъэфащэ. Махуэм хуабэу градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыІэнущ.

*ПІалъэхэр зыхьэхьэзырар* **ХЬЭТАУ Ислъамэ.**

## Тхакіуэт икіи зауэлІт

● Нобэ

**Адыгэ тхакІуэ, зауэлІ хахуэ КІыщокъуэ Рашид къызэралъхуэр илъэси 105-рэ ирокъу.**

КІЫЩОКЪУЭ Пщымахуэ и къуэ Рашид 1907 гъэм щыщхьэІум и 15-м Щхьэлыкъуэ къуажэм кьыщалъхуащ. И кьалэмыпэм кьыщІэкІа «ПО следам Караба-ира», «Колыо старого шейха» романхэм режиссер цІэрыІуэ Рафаэль Гаспарянц куэдым фІыуэ яльэгъуа художественнэ фильмэр кьытрищІыкІащ.

Хэку зауэшхуэм жьыджэру хэтащ ар, лІыгъэр хахуагъэрэ кьиргъэльагъуэу. Нэмыщ зэрыпхъуакІуэхэм я парашютистхэмрэ диверсантхэмрэ хэзыгъащІэ батальоным и унафэщІуэ щытащ. ИужькІэ Кавказ щыІ фронтым и тылым и хьэмакІуэм хагъэхьащ. 1946 гъэрат абы Къэбэрдейм кьыщигъэзэжар. Зэрихьа лІыгъэр кьалъытэри, къэрал дамыгъэ зыбжанэ кьыхуагъэфэщащ.

КІыщокъуэ Рашид 1957 гъэм дунейм ехьжащ.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

## Республикэм щыпсэухэм щыІэн папщІэ

ІУПЪХЬЭ зэрызэІапахым, коррупцэм пыщІа Іуэхуэхэр зэралэжьым и лэжьакІуэ зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фІыщигъазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм бгы лыжэ туризмым зыщегъэужьыным и IуэхукIэ

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м*

Мы Законыр «Урысей Федерацэм щрагъэкIуэкI турист лэжьыгъэм и лъабжьэхэм я IэуухукIэ» Федеральнэ законым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкIуэкI турист лэжьыгъэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымрэ я IэнатIэм щыIэ зэпыщIэныгъэхэр щызэблэгъэкIыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым япкъ иткIэ къащтащ бгы лыжэ туризмым зегъэужьын, абы и IэнатIэм шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщын мурадкIэ.

**1 статья.** Бгы лыжэ туризмым зегъэужьыныр зыхуэунэтIар

Бгы лыжэ туризмым зегъэужьыныр хуэунэтIащ:

1) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм я псэукIэр узыншагъэр хъума зэрыхъунум хуэунэтIыным;

2) хьэрычэт лэжьакIуэхэр Iуэхум тегъэгушхуэным;

3) инвесторхэм турист индустрием ахъшэ къыхалъхьэнымкIэ псоми зэхуэдэ Iэмал тэмэмхэр къахузэгъэпэщыным.

**2 статья.** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ бгы лыжэ гъуэгухэмрэ абыхэм химыубыдэу къыщажыхь щIыпIэхэмрэ я реестрыр.

1. Бгы лыжэ гъуэгухэмрэ абыхэм химыубыдэу къыщажыхь щIыпIэхэмрэ цIыхухэр щыгъуазэ ящIын мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щатх бгы лыжэ гъуэгухэмрэ абыхэм химыубыдэу къыщажыхь щIыпIэхэмрэ я реестр икIи зэIухауэ, хэгъэзыхь хэмылъу къат бжыгъэхэм япкъ иткIэ абыхэм зэхуахьэсыжауэ къыщагъэлъагъуэ бгы лыжэ гъуэгухэмрэ абыхэм химыубыдэу къыщажыхь щIыпIэхэмрэ.

2. Реестрыр зэхегъэувэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм туризмым и IэнатIэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм игъэува гъэзэщIакIуэ органым.

**3 статья.** Бгы лыжэ туризмым и IэнатIэм шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщынымкIэ ялэжьхэр.

1. Бгы лыжэ туризмым и IэнатIэм шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщынымкIэ ялэжьыпхъэхэм хеубыдэ:

1) бгы лыжэ гъуэгухэм я классификацэм къызэрыщыгъэлъэгъуам тету шынагъуэншагъэмкIэ хуагъэувхэр гъэзэщIэныр;

2) дэтхэнэ бгы лыжэ гъуэгуми къызэрыщажыхь щIыкIэм, къыщажыхькIэ къыкъуэкIынкIэ хъуну шынагъуэхэм бгы лыжэкIэ къэзыжыхь туристхэр щыгъуазэ щIыныр;

3) тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, хабзэхэр стендхэм, псэупIэхэм фIалъхьэурэ, радиом и Iэмалхэр, нэгъуэщI Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ фэбжьхэмрэ насыпыншагъэхэмрэ къэмыгъэхъунымкIэ хуэныкъуэхэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ хабзэхэм бгы лыжэкIэ къэзыжыхь туристхэр щыгъуазэ щIыныр;

4) бгы лыжэкIэ къэзыжыхьхэм шынагъуэншагъэ къахузэгъэпэщынымкIэ бгы лыжэкIэ къэжыхьыныр къызэзыгъэпэщхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым туризмым и IэнатIэм егъэщIылIа и гъэзэщIакIуэ уполномоченнэ органым зэхалъхьа нэгъуэщI Iуэхухэр лэжьыныр.

2. Мы статьям и Iыхьэ 1-м бгы лыжэ туризмым и IэнатIэм шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщынымкIэ къыщыгъэлъэгъуахэр ягъэзащIэ бгы лыжэкIэ къегъэжыхьыныр къызэзыгъэпэщхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым туризмым и IэнатIэм егъэщIылIа и гъэзэщIакIуэ уполномоченнэ органым.

3. Бгы лыжэ туризмым и IэнатIэм страхованэ щрагъэкIуэкI федеральнэ законодательствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэм тету.

**4 статья.** Бгы лыжэ туризмыр къызэгъэпэщынымкIэ къэрал дэIэпыкъуныгъэм и теплъэхэр

1. Бгы лыжэ туризмыр къызэгъэпэщынымкIэ къэрал дэIэпыкъуныгъэр мы къыкIэлъыкIуэхэм хуэдэу щыт хъунущ:

1) бгы лыжэ къэжыхьыпIэхэр къызэзыгъэпэщхэм щIыналъэ налогхэмкIэ яхудэчыхыным тету;

2) бгы лыжэ къэжыхьыпIэхэр къызэзыгъэпэщхэм налогхэр, сборхэр, апхуэдэу пеняхэмрэ зэретхьэкъуахэмрэ щатыну пIалъэхэр яхузэхъуэкIыным, ахэр пIалъэкIэрэ зэпыудауэ егъэтыным, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ налогхэмкIэ я законодательствэм япкъ иткIэ инвестицэ налог кредитхэр етыным тету;

3) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спорт, турист лэжьыгъэмкIэ и IэнатIэм хуэгъэзауэ зэман кIыхькIэ ягъэзащIэ программэ хэхахэм япкъ иткIэ бгы лыжэ туризмым зегъэужьыным ахъшэ хухэхыным тету;

4) бгы лыжэ гъуэгухэр къызэзыгъэпэщхэм ахъшэу щымыт къэрал дэIэпыкъуныгъэ етыныр, абыхэм къызэгъэпэщыныгъэ, информацэ, чэнджэщ дэIэпыкъуныгъэхэр хэту.

2. Мы статьям и Iыхьэ 1-м къыщыгъэлъэгъуа лIэужьыгъуэхэм хуэдэ къэрал дэIэпыкъуныгъэхэр бгы лыжэ туризмым ират мы Законым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и хабзэ мардэхэм япкъ иткIэ икIи абыхэм къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу.

**5 статья.** Къэрал дэIэпыкъуныгъэ иратын папщIэ хуагъэувхэр

Мы Законым и 4-нэ статьям къыщыгъэлъэгъуа дэIэпыкъуныгъэр ират мы къыкIэлъыкIуэ Iуэхухэр зыгъэзащIэхэм:

1) бгы лыжэ гъуэгур къызэзыгъэпэщым бгы лыжэ гъуэгухэм я классификацэм тету бгы лыжэ гъуэгум категорие къызэрыратамкIэ щыхьэт тхылъ иIэмэ;

2) бгы лыжэ гъуэгур къызэзыгъэпэщам ар бгы лыжэ гъуэгухэм я реестрым зэрыхагъэхьамкIэ документ иIэмэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и IэтащхьэКЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2012 гъэм накъыгъэм и 16-м*
*№31-РЗ*

# Безенги, Булунгу къуажэхэм щыпсэухэр щыгъуазэ ящI

## зэрызыщиужьынум къахуихьынухэм

**Гъэмахуэми щIымахуэми лэжьэну Iуащхьэмахуэ - Безенги турист комплексым хиубыдэ IуэхущIапIэхэр Шэрэдж районым щыщ Безенги къуажэмрэ Шэджэм районым щыщ Булунгу къуажэмрэ я щIыналъэхэми хиубыдэу ящIынущ. А проектым жылагъуитIым дэсхэм къахудэкIуэнухэм щыгъуазэ ящIащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и лIыкIуэхэм.**

ТУРИСТ кластерым и проектымкIэ операторым къызэригъэпэща зэIущIэм кърихьэлIащ къуажэдэсхэр, Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Темиржанов Махъти, Безенги, Булунгу къуажэхэм я Iэтащхьэхэр, КъБР-м спортымкIэ, туризмымрэ курортхэмкIэ и министр АфIэунэ Аслъэн, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр Мусуков Алий. «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм къикIащ щIым, мылъкум я IуэхухэмкIэ департаментым, программэр гъэзэщIэнымкIэ департаментым, маркетингымрэ корпоратив IуэхухэмкIэ департаментым я IэщIагъэлIхэр.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэр щыгъуазэ ящIащ туризмымкIэ IуэхущIапIэхэр щащIыну щIыналъэхэм я гъунапкъэхэм, апхуэдэу Шэрэдж, Шэджэм районхэм хиубыдэу щытыну экономикэ щIыналъэ хэхахэм я гъунапкъэхэм. ЩIым, мылъкум я Iуэхухэм щытепсэлъыхьым «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэм къуажэдэсхэм хуаIуэтащ нэгъуэщI къэралхэм щыIэ мыпхуэдэ курортхэр къызэгъэпэщынымкIэ зэтеува хабзэхэр зыхуэдэр. Псалъэм папщIэ, апхуэдэ ухуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ унейуэ е муниципалитетхэм ейуэ щыт щIыхэр бэджэнду къыIах кIапсэ гъуэгухэр, электрокъарур, адрей энергие лIэужьыгъуэхэр зрикIуэну линиехэр щаукъуэдиин папщIэ. Къапщтэмэ, Франджым щыщ фермерхэм, абыхэм яIыгъ щIыхэм лыжэкIэ къыщажыхьыну гъуэгухэр къыщызэрагъэпэщамэ, щIымахуэ псом бэджэнд уасэр ират, гъэмахуэм езы мэкъумэшыщIэхэм а щIыпIэхэм хуиту Iэщыр щагъэхъу, нэгъуэщI лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI. Апхуэдэ щIыпIэхэм уэсым нэхъ зэхуэдэу зыщеубгъури, къэжыхьыпIэхэр пщIыну нэхъ тыншщ. А бгылъэ щIыпIэхэм Iэщыр зэрыщагъэхъум къыхэкIыу удзми нэхъ лъабжьэфI щещIри, джабэхэр къыщыгуэху, псым къыщилъэс къэхъуркъым, уэсукхъуэхэри нэхъ машIэу къыщох.

Булунгу, Безенги къуажэхэм щыпсэу цIыхухэм ящыщу турист кластерым и проектым хиубыдэу хьэрычэт Iуэху зэтезыгъэувэну хуейхэр «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м егъэгугъэ сыт и лъэныкъуэкIи защIигъэкъуэну икIи турист-рекреацэ экономикэ щIыналъэ хэхам и резидентым и статус ягъуэтынымкIэ ядэIэпыкъуну. Апхуэдэ статус зиIэхэм хуитыныгъэ ягъуэт езыхэм я уней лъапсэхэм хьэщIэщ, шхапIэ мыинхэр къыщызэIуахыну, хьэпшып IэрыщIхэр ящэну. Ахъшэшхуэ къызыбгъэдэкI инвесторхэми хуэдэу, абыхэми хуитыныгъэ ягъуэт мы IэнатIэм щагъэува льготэхэмрэ ефIэкIыныгъэхэмрэ къагъэсэбэпыну. Къапщтэмэ, апхуэдэхэм къаIэрыхьэ фейдэм, ябгъэдэлъ мылъкум тралъхьэ налогхэр хуагъэмащIэ, страховой взносхэр кIэрыгъэхуауэ ирагъэт.

ЗэIущIэм апхуэдэу къыщыхагъэщащ курортыр зэтегъэувэным ехьэлIауэ инфраструктурэм хуабжьу зэрызиужьынур - газ зрикIуэ бжьамийхэр, канализацэр, электрокъарур зрикIуэ линэхэр зэраукъуэдиинур, кIэрыхубжьэрыхухэр щызэхадз IэнатIэхэр къызэрызэрагъэпэщынур, гъуэгущIэхэр, автовокзалхэр зэраухуэнур икIи а псори а щIыналъэм исхэм пэрыуэ щымыIэу къызэрагъэсэбэпынур. Экологием и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэм хэхауэ къагъэлъэгъуащ щIыуэпсыр тэмэму хъумэныр абыхэм я дежкIэ къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр, сыту жыпIэмэ, бгы лыжэ спортым къыдэкIуэу мы щIыпIэм хуабжьу зыубгъуауэ къыщагъэсэбэпынущ псы хущхъуэхэр, щIыуэпсым и адрей хъугъуэфIыгъуэхэр.

Къуажэдэсхэм ящыщу зэIущIэм кърихьэлIахэм турист кластер а щIыналъэм щыухуэныр даIыгъащ икIи IэнатIэщIэм дэлэжьэну зэрыхьэзырыр жаIащ.

*«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м и пресс-IуэхущIапIэ.*

**Лэскэн куей**

# Гъэ еджэгъуэщIэм хуэхьэзыру

**Лэскэн куейр гъэ еджэгъуэщIэм сыт и лъэныкъуэкIи хуэхьэзырщ.**

КУРЫТ еджапIэхэм ремонт лэжьыгъэхэр и кIэм щынагъэсащ. Апхуэдэу сом мелуани 9-м нэблагъэ хуаутIыпщащ зи унащхьэхэр щIэкIэ зэхъуэкIын хуейуэ районым ит школи 3-м. Абы хиудыдащ Уэзрэдж, Арщыдан, Урыху къуажэхэм дэт курыт еджапIэхэр, Хьэтуейм Долым и цIэр зэрихьэу дэт курыт школым и спортзалыр.

Мы районым и еджапIэхэм я медицинэ къудамэхэм папщIэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэу 11 къащэхуащ. ПэщIэдзэ классхэм папщIэ егъэджэныгъэм къыщагъэсэбэп хьэпшыпу 18 къаIэрыхьащ. Абыхэм псоми зэхэту сом мелуани 4,5-рэ трагъэкIуэдащ.

Районым и егъэджакIуэхэр псом хуэмыдэу щыгуфIыкIащ курыт школхэм зэрыщрагъаджэ Iэмалхэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ иджыри сом мелуанрэ мин 660-рэ субсидиеу къызэрыратым.

Лэскэн куейм и МОУ СОШхэм ящыщу 8-м мафIэсым щызыхъумэ иджырей автоматикэ сигнализацэхэр, Арщыдан дэт прогимназие №3-м «зэрыкIэлъыплъ» системэ зэрыIыгъ щагъэуващ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

# ЦIыху мини 10 нэблагъэ хэтщ

**Бадзэуэгъуэм илъэс ирикъуащ Урысейпсо жылагъуэ патриотическэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэу КъБР-м щыIэ «Калашниковым и дзэ - спорт союз»-кIэ зэджэр.**

А ЗЭМАН кIэщIым къриубыдэу IуэхущIапIэм хуэфэщэн увыпIэ иубыдащ. Iэщэ IыгъыкIэм, зехьэкIэм къищынэмыщIауэ, абыхэм щIалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэтэджыным, гъэсэныгъэ тэмэм зэрыратыным хущIокъу. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэм щыщу, дин зэхуэмыдэхэр яIыгъыу Калашниковым и союзым цIыху мини 10 нэблагъэ хэтщ. ЗэгурыIуэныгъэр, зэныбжьэгъуныгъэр щытепщэщ мы IуэхущIапIэм. «Губжьауэ, унафэщI хьэл пхэлъу щIалэгъуалэм уепсэлъэну, зыгуэр къагурыбгъэIуэну яужь уихьэмэ, зыри къохъулIэнукъым. Сэ фIыуэ зыхэсщIыкI, сызыщыгъуазэщ ахэр зыхуэзгъасэр. Дызэныбжьэгъум хуэдэущ сазэрыхущытыр. ЩIалэгъуалэм ябгъэдэлъ зэфIэкIыр къагъэлъэгъуэфу, зыхуейр жаIэфу, мурад зыхуагъэувыжрэ абы лъэIэсу егъэсэн хуейщ, - жеIэ Урысейпсо жылагъуэ патриотическэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI МацIыхъу Руслан. - Армэм къулыкъу зэрыщащIэным и закъуэкъым, атIэ жылагъуэ гъащIэм зэрыхэтыпхъэхэми ди щIалэгъуалэр худогъасэ. Ди мурадщ ди гъэсэнхэм адэкIи дадэIэпыкъуну: къулыкъу щахь щIыпIэхэм дыкIуэнущ, защIэдгъэкъуэнущ, республикэм къраплъыну фэр абыхэм зэрелъытар къагурыдгъэIуэнущ.

Калашниковым и зэгухьэныгъэр жыджэру долажьэ нэгъуэщI жылагъуэ IуэхущIапIэхэм. Урысей армэм и хабзэфIхэр гъэлъэпIэн, щIэблэр а псом щIэпIыкIын, Хэку зауэшхуэм хэтахэм пщIэ яхуэщIын - а мурадхэращ мыбыхэмрэ Тэрч - Балъкъ къэзакъ зэгухьэныгъэмрэ зэпызыщIэр. Балъкъэрхэм я хэку къыщагъэзэжа махуэм ирихьэлIэу абыхэм «Къэзакъ гъатхэ» зэхьэзэхуэ къызэрагъэпэщащ. Хабзэ яхуэхъуауэ, ди хэкуэгъу, СССР-м и лIыхъужь Жэмборэ Щэуал и фэеплъ зэхьэзэхуэхэр ирагъэкIуэкI. Калашниковым и зэгухьэныгъэм дэлэжьэну зэгурыIуэныгъэ ирищIылIащ «Урысей жор плъыжь» жылагъуэ зэгухьэныгъэм КъБР-м щиIэ къудамэм. Дзэ-спорт лIэужьыгъуэхэм щIалэгъуалэр ягъасэ гъащIэм къахуигъэувынкIэ хъуну гугъуехьхэм пэлъэщу.

**ЩОМАХУЭ Лилэ.**

ЗэIущIэм къыщыпсэлъахэр.

**КъБР-м и Жылагъуэ палатэм**

# НыбжьыщIэхэм зыщIагъэкъуэн мурадкIэ

**КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэ щызэхэтащ КъБР-м щIалэгъуалэ хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэм зыщегъэужьынымрэ республикэм и цIыху ныбжьыщIэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным егъэщIылIа къалэнхэр гъэзэщIэнымрэ Iуэхум теухуауэ. Ар иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ, хьэрычэтыщIэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ и комиссэм и унафэщI Мэзло Руслан.**

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ КъБР-м ЩIалэгъуалэм и IуэхухэмкIэ и министерствэм, Налшык къалэм и администрацэм, республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт Апхуэдэ Мурат къызэрилъытэмкIэ, хьэрычэтыщIэхэр мы зэманым гугъуехь инхэм Iуоуэ. Ахэр нэхъыбэу къызыхэкIыр экономикэр зезыгъакIуэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэм я лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэр зэрызэIумыбзырщ. «ЗэрыгурыIуэгъуэщи, иужь илъэсхэм къэхъуа зэхъуэкIыныгъэфIхэри къэлъытэн хуейщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, «2007 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэм зыщегъэужьыным икIи абы зыщIэгъэкъуэным» теухуа республикэ программэр ягъэзащIэу, IуэхушхуэзэфIагъэкIащ щIалэгъуалэр гъэгушхуэным хуэунэтIауэ», - жиIащ Мурат. Нэхъыбэж къапэщытщ 2012 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ зыщегъэужьыным теухуа республикэ программэм къитIасэу. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщхьэхукIащи, зытегъэщIапхъэр Iуэхум къыпахыну фейдэм и закъуэкъым, атIэ къытщIэхъуэ щIэблэм и зэфIэкIыр къэIэтынырщ. ИужькIэ ныбжьыщIэхэр лъэ быдэкIэ увыфынущ икIи гъащIэм хэзэгъэнущ.

«Урысейм и цIыхубз хьэрычэтыщIэхэм я зэгухьэныгъэм» и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Ефэнды Ритэ къыхигъэбелджылыкIащ зэIущIэр зытраухуа Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ хэшэн и лъэныкъуэкIэ. Хэбгъэзыхьымэ, ар щынэхъыщхьэу къоув республикэ экономикэ политикэщIэм: «хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэр - щIэныгъэ зыгъуэт IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIыр фIы дыдэу къыщагъэлъэгъуэфыну IэнатIэщ».

Ефэнды Ритэ къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ КъБР-м и Iэтащхьэм 2007 - 2011 гъэхэм республикэм и экономикэм папщIэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным теухуа и программэр гъэзэщIа зэрыхъуам.

Апхуэдэу щIалэгъуалэ хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэм зегъэужьынымкIэ щыIэ Iэмалхэм зэреплъыр зэIущIэм щыжаIащ хьэрычэтыщIэ Кость Кирилл, КъБР-м и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщI Джаппуев Мусэ, «Мэшыкъуэ-2011» щIалэгъуалэ зэхыхьэм щытекIуа Дэунэж Мурат, Къуажэ щIалэгъуалэм и урысей зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и Iэтащхьэ Бэрбэч Къерхъан сымэ.

**ОЛЬМЕЗОВ Расул.**
*КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

# Ахэр куэдым яцIыху

**Урысей Федерацэм и МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм полицэм и уполномоченнэ участковэхэм я лэжьыгъэм кърикIуахэм цIыхухэр щыгъуазэ ящI.**

ПОЛИЦЭМ и участковэ инспекторхэр сыт щыгъуи цIыхухэм япэгъунэгъу, пыщIэныгъэ быд хуаIэу къокIуэкI. Ахэр щыгъуазэщ я нэIэм щIэт административнэ щIыпIэм щыIэ щытыкIэр зыхуэдэм, абы щыпсэухэр яцIыху. ДэIэпыкъуэгъу хуей хъумэ, цIыхухэм япэ зызыхуагъазэр участковэхэрщ.

КъБР-мкIэ МВД-м полицэм и участковэ инспекторхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ, балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI АфIэунэ Зураб мы махуэхэм яIущIащ ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ уэрамым тет къат куэду зэтет унэ №№5-м, 7-м щыпсэухэм. Абы щыгъуазэ ищIащ ахэр зыхиубыдэ щIыпIэм щытыкIэр зыщыхуэдэм, хабзэр къызэгъэпэщыным, щIэпхъаджагъэхэр сэтей къэщIыным, ахэр ялэжьыныр къызэпыудыным я лъэныкъуэкIэ зэфIагъэкIхэм.

Зи гугъу тщIа унэхэм щыпсэухэм нэхъ зыгъэпIейтей, гу зылъытапхъэу къалъытэхэр къыжаIащ. Абыхэм ящыщщ пщIантIэхэм автотранспортыр зэрыщызэтрихьэр. «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэр», мафIэсгъэункIыфIхэр, нэгъуэщI дэIэпыкъуэгъухэр кърадджэн хуей хъумэ, дыхьэпIэ зэримыгъуэтыр. КъищынэмыщIауэ, къыхагъэщащ языныкъуэ шоферхэм я автомашинэр сабийхэм я зыгъэпсэхупIэхэм зэрыщагъэувыр. Абыхэм участковэхэм зыхуагъэзащ щIэх-щIэхыурэ щIыхьэпIэм деж щызэхуэсу фадэхэкIхэр изыф щIалэгъуалэм псалъэмакъ драгъэкIуэкIыну.

Полицэм и лэжьакIуэхэм абдеж къыщаIэта Iуэхугъуэхэм теухуа я Iуэху еплъыкIэр жаIащ. Участковэхэм зыкъызэрызыпащIэну я телефонхэр зэрыт визиткэхэр дэтхэнэ зы унагъуэми иратащ.

АфIэунэ Зураб къыхигъэщащ жылагъуэр сыт щыгъуи хуэдэу полицэм щIэгъэкъуэн зэрыхуэхъунур и фIэщ зэрыхъур. ЖиIащ зэгъэуIуауэ зэдэлажьэмэ, щIэпхъаджагъэхэм зэрапэщIэтыфынур.

Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм и полицэм и унафэщIым и къуэдзэ Бечелов Магомед ахэр къыхуриджащ сакъыныгъэр, набдзэгубдзаплъагъэр зыщамыгъэгъупщэну, шэч зыхуащI ирихьэлIэмэ, хъыбар къарагъэщIэну.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэм я къалэн мытыншыр хьэлэлу езыхьэкI участковэхэм фIыщIэ хуащIащ.

*Урысей Федерацэм и МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

ЦIыхухэм я гукъеуэхэр участковэхэм хуаIуатэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лIыкIуэхэр Иорданым и Парламентым и хьэщIэщ. Абыхэм къабгъэдэтщ Амман щылажьэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и унафэщIхэр. 2003 гъэ

# Хабзэм текI зэрымыхъунур гурагъаIуэ

**КъБР-м и прокуратурэм**

**Шэрэдж районым и прокуратурэм къиплъытащ куейм и муниципальнэ кIэзонэ курыт еджапIэхэм терроризмымрэ экстремизмымрэ пэщIэтынымкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэр.**

ПСАЛЪЭМ папщIэ, «Библиотекэ фондыр учет зэращI инструкцэр къэщтэным и IуэхукIэ» 1998 гъэм дыгъэгъазэм и 2-м Урысей Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм къыдигъэкIа унафэ №590-м ипкъ иткIэ, библиотекэм и фондым ират е ар зыхуэмеиж дэтхэнэ экземплярри щхьэхуэу ятхыпхъэщ.

«Экстремизм хьэгъэщагъэхэм пэщIэтыным и IуэхукIэ» 2002 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къыдэкIа Федеральнэ закон №114-ФЗ-м щыубзыхуащ а лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщыпхъэр. МэкъуауэгъуэблэкIам ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, экстремизм тхыгъэу къалъытэхэм ятеухуауэ Урысейм ЮстицэмкIэ и министерствэм щагъэхьэзыра тхылъхэм я федеральнэ спискэхэр Шэрэдж районым и муниципальнэ кIэзонэ курыт еджапIэ псоми я библиотекэхэм щагъуэтакъым. А щыщIэныгъэхэр ирырагъэзэкIуэжын папщIэ, куейм и прокуратурэм къызэригъэувам тету, щIыпIэм егъэджэныгъэмкIэ и IуэхущIапIэм зи гугъу тщIы федеральнэ спискэхэр школхэм ятригуэшащ.

ЗэбграгъэкIын мурадкIэ экстремист тхыгъэхэр зыгъэхьэзыр е зыхъумэ къулыкъущIэхэм Урысей Федерацэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым и 20.29-нэ статьямкIэ административнэ къуэдыуэ сом минитIым щегъэжьауэ минитху нэс тралъхьэ, апхуэдэ тхылъхэр къагъэсэбэпа Iэмэпсымэхэмрэ къатхьэху. IуэхущIапIэхэм сом мин тхущIым къыщыщIэдзауэ минищэм нэблагъэ ирагъэпщын е жэщ-махуэ бгъущIым нэскIэ я лэжьыгъэр къызэтрагъэувыIэри тхыгъэхэмрэ ахэр зэрытрадзахэмрэ къатрах.

Федеральнэ законодательствэм ирамыгъэбэкъуэн, экстремист тхыгъэхэр зэбграмыгъэкIын папщIэ, районым и прокурорым куейм и муниципальнэ кIэзонэ курыт еджапIэ, библиотекэ псоми я унафэщIхэм хабзэм зэрымыхъуэнур зыхуэфащэ тхылъкIэ гурагъэIуащ.

*КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

# Псым и жапІэ егъуэтыж

**Къэмыгупсыса хъыбар**

**Гъатхэ махуэт, жыгхэр жэнэт жыг фІэкІ кьыпхуэмыщІэну зэщІэгъэнэт. Къуалэбзуэхэм уэрэд къраШыт, джэдкъуртым джэджьей цыкІухэр иришэжьауэ зыгуэрхэр къаХуиулъэпхъэщыт.**

ІэСИЯТ жыг щІагъым щэнт лъахъшэ цыкІум тесу щІэсу, гуэгум ыпхъ щыг цыкІухэм бжьныхукІэмрэ бжьныкІэмрэ Іэныстэкіэ яхуэзэпигъэщэщу. Ар хуейт и закъуэу, зыным кьимылъагъуу гупсысэну...

Іэсият уафэм доплъей, и гупсысэ псори щыгъупщэжауэ, пшэ хужь дахэхэм еплъу щІедзэ, ахэр къаз хужь гуп фІэкІ кьыпхуэмыщІэну, зыр адрейм яужь ипу гъэрыгъуапщкІуэ зэдэджэгуэхэт.

Жьы мащІэ кьепщэрт, жыг щхьэкІэхэмрэ зэІущІэ фІэкІ кьыпхуэмыщІэну зым адрейм зыхуигъэщхьырт, Іущащэ макъ къэІу хуэдэуи кьыпщыхьурт. Дыгъэ бзийр джэгут, гъащІэм хууриджэу.

Тобэ, жиІэрт Іэсият и гум, сыту дуней дахащэ дытет, дэ мы гъащІэм дыщыгуфІыкІыу, Алыхьым шыкур хуэтщІу, динасыпыфІэу зыдбжыжу дыпсэуи хуэтщІ, ауэ зыкъомым гъащІэр хуэтІэщІэужэгъуауэ, гуфІэ ди гум имыльу ди гъащІэр дохь. Тхьэм нэхъыфІыр кьытхуищІэ жиІэуэрэ, Іэсият гумахэ кьэхъуауэ кьигъэщІар и нэгу къыщІигъэхьэжырт...

Іэсият хьыджэбз дахэу, нэмысыфІэу кьэхъуат, куэди абы кьыщІэупщІэ хуат, ауэ и гур зыхьэхуи кьаехэкІтэкъым.

Зы махуэ гуэрым Іэсият псыхьэ кІуауэ кьызэкІуэжэхым игъащІэм имылъэгъуауэ зы щІалэ зэкІуж кьыбгъэщхьэпи и пэгунхэр унэм нэс хуихьыжащ, уеблэмэ, тегушхуэрэ, кьыжриІащ иджыри кьыхуэзэну зэрыхуеиІр. ЩІалэм и щІэр Кьамболэтт, ар Псыгуэнсу ячІкІри хьэщІапІэ и анэ шыпхъу Марие и деж къэкІуауэ арат. Псыхьэ кІуэ хьыджэбз дахэм щыщІэупщІэм, и анэшыпхъуи кьыжриІат и гур имыгъэфІыну, Кьамболэт хуэдэ щІалэ куэд абы зэрыІуигъэкІуэтар.

Кьамболэт и анэ шыпхъум емыдаІуэу, хьыджэбзым яужь итурэ кІуащ, ар псыхьэм кьыщідзэкІыжащ гъэдыхьэкІэ зэрыгъэуэтыну и мурадт. Іэсият щІэ и щІэр Кьамболэтт, ар Псыгуэнсу ячІкІри хьэщІапІэ и анэ шыпхъу Марие и деж къэкІуауэ арат. Псыхьэ кІуэ хьыджэбз дахэм щыщІэупщІэм, и анэшыпхъуи кьыжриІат и гур имыгъэфІыну, Кьамболэт хуэдэ щІалэ куэд абы зэрыІуигъэкІуэтар.

Кьамболэт и анэ шыпхъум емыдаІуэу, хьыджэбзым яужь итурэ кІуащ, ар псыхьэм кьыщідзэкІыжащ. Фенэт абы и щІэр. Ар фермэр ятпэм зыІэщІэлъа щІалэм ельэІури, щІафІэ кьуэдзэу и дзэлъхум ипхъу Кьарэжан кьигъэуват. Абы ищІэшхуи щыІэтэкъым, ауэ и дзэлъхум и жагъуэ имыщІын щхьэнкІэ иныгът.

Кьарэжан школым щаХуеджэн имыдэу кьафІыщІыжат, хьыджэбз кьуейщІэй цыкІут, щхьэхынэт, езым жиІэм фІэкІ нэгъэущІым жиІэр кьыкІэІуэхутэкъым. Фенэ и дзэлъхум и пхъум кьалэн гуэрхэр ириту щІидзат, ауэ Кьарэжан ятпэм ищІэну и гугу ильтэкъым, щыхуейм тІыст. Фени абы и гугъу ищІтэкъым, зыми щымыгугъыу и кьалэнэр игъэзащІэу есати.

Кьарэжан и адэ-анэм я пхъэр псынщІэ щыкІуу, щхьэхынэт, езым жиІэм фІэкІ нэгъэущІым жиІэр кьыкІэІуэхутэкъым. Фенэ и дзэлъхум и пхъум кьалэн гуэрхэр ириту щІидзат, ауэ Кьарэжан ятпэм ищІэну и гугу ильтэкъым, щыхуейм тІыст. Фени абы и гугъу ищІтэкъым, зыми щымыгугъыу и кьалэнэр игъэзащІэу есати.

Кьарэжан и адэ-анэм я пхъэр псынщІэ щыкІуу, жыІэмыдаІуэу зэрыщІтым щхьэкІэ кьалэм ягъэкІуэн дзыхь ямыщІу, мыхъуми, зы сом кьилэжьынщ, жаІэри фермэм ягъэуват. Пщащэр дахэ дыдэт, Іэпкъльэпкъ зэкІужт, ауэ щыхучІэ жыхуаІэр зищІысри ищІэртэкъым, абы ищІэр и Іэхур нэхъ кьызэригъэкІынырт.

Іэхуэм хэмызагъэми, Кьарэжан дэкІуэныгут, Кьамболэт зыІэригъэхьэну мурад ещІ.

Езы щІалэми кьыгуРыІуэжакъым абы и хьым псынщІэу кьызэрихутэ щыкІэр.

Кьуажэ псом ягу щыхьат, хэти фІэтельыджат Кьамбот кьишат кьыщащІам, апхуэдизкІэ а тІур зэхуагъэфащэхьыкІыми. Езы Кьамбот а Іэхуэм зэрегупсысар мыпхуэдэу: Кьарэжан фІыуэ сыкъыщильагъкІэ, хьыджэбз дахэщ, и адэрэ цыхьэ зыгъэнэщ, Фени лэжьакІуэщхэущ, нэмыс хэлъщ, абы ещхь ари хъунщ. Езгъэджэнщ, Іэщ Іагъэ езгъэгупсысэнщ, цыкъуб хьарзынэ кьыхэсщыкІынщ.

Ауэ ар Іейуэ щыуат. Іэсиятри и кьуэм зыри хуэжелакъым, гу зэрыдзэ езгъэщІынкъым, ифІэфІу кьыщІишакІэ и насыпыр зыхэлъыр арагъэнщ, жери.

Іэсиятри Кьамботи цыхуэ щабэхэти, ягу иримыхьыр нысащІэм занщІэу жраІэфтэхьым, ззанэзэкъуэм я хьэлыр кьэзыщІа Кьарэжани кьикІуэтэныгтэкъым, ркъэрір ищІэрт. И сомыр ешІ, кьилэжьыжьыф хъуат, тыкуэнтету ирагъаджэри.

Зэманыр псынщІэу макІуэ. Кьарэжан бынунагъэущхуэ хъуат, абы и ипхъуи и жьэ дкІэтэри зы хьэмышхэчыж и щхьэгъуэсэр иригъэжІыкъыну мурад щищІам. Іэсият и кьуэрыльхуэ цыкІуэр мо щыІэхуэ мыгъасэм кьыхуэнэм иригуэвэрти, и кьуэм йольэу и бынкэр хыфІиІмыдзэну. «Кьамбот и гъащІэр и адэм хуэ ззэщІу ихьащ, иджы езым и бынхэм я адэр псэууэ апхуэдэ гукъеуэ Тхьэм кьариМытКІэ», - жиІэрт абы.

Кьамбот кьыщыхъурт иджырри къэс и нэр щыпт хыкІаУэ щытауэ, и щхьэгъуэсэм ельыпхъ, езым кьыгуРыІуэжьыртэкъым ар кьызэриІшар. Ар сыт щыгъуи лэжьакІуэшхуэт, ауэ иджы лэжьаПІэм и зэман псор щигъэжІыну хьэзыр, и щхьэгъуэсэм Іумыпльэн щхьэкІэ. Іэсият гупсысэну хущІыхьэрэ тэкъым, школым кьыІуКІыжауэ сабий быныр зэщІипІэрт.

Апхуэдэуэрэ сабийхэри кьыщохьІыжауэ, кьуажэ школыр кьаухри, кьалэм щеджэну макІуэ. Кьамботи и лэжьыгъэм теухуауэ хамэ я хэрал зы ильэскІэ щыІэм хуей мэхъу.

Кьарэжан и губжьыр идкы нэхьыбжэ зыльыкІыжри Іэсиятт. Сабийхэр къэкІуэжамэ, абыхэм я гур химыгъэщІын щхьэкІэ нанэм зишыІэрт. Хэтыт зыхуэтхъэусыхэнури, щхьэгъуэсэ, щыпхъуи, дэльхуи имыІэмэ?!

Ауэ закъуэт абы хуэгумащІэу кьыщыхьхэр. Ар, щхьэгъуэсэ хъарзыни иІэу, бынунагъуэу псэут.

Иэ кьуажэ адміниСтрацэм и унафэщІым и идхуэдэу лажьэти, Іуэху гуРкІэ кьыхуеІуэ, къэчэнджэщІэн хуэдэу щІэхщІэхыурэ Іэсият деж кьэзэрыщІыхьэнум яужь итт. Іэсият тІэкІу тригъэуи, и гур псэхуауэ щІэкІыжат. Іэсият Иэзм, шэч хэмыльу, щыгуфІыкІт, ауэ Кьарэжан ар фІыуэ ильагъуртэкъыми щынэт, зыгуэрКІэ Иэз кьыщІыхьауэ Кьарэжан къэкІуэжым кьыфІэнэнщ, сигъэуКІытэнщ, Иэз щыту сэри схуэмыфащэ кьызипэсынщ жиІэрти...

Іэсият иужь зэманхэм гукъыдэжи имыІэу, гъащІэми щымыгугъыкІыжу хъуат, абы нэхъ зэштелъхууэ кьыхуэнар и дждкъэзырт. Іэсият и кьуэм и псэукІэ хуэунум егупсысырт, унагъуэ насыпэ зэрызэхимыщІам иригуэвэрт. «Емынэр уи унэм кьихьэм, уи унэр уигъэбгынэщ» - кьэІуэ Іэсиятрэ зыщІэх-щІэхыурэ игу кьэкІырт.

Іэсият мурад ещІ, и благъэм кьыхуаІэхуэ хуэдэ ищІу зи закъуэу псэу, кьеплъын зимыІэ лІыжьфрызыжьхэр щыпсэу унэм хэІущІыпу имыщІу кІуэну. «Зы мазэ-мазитІ хуэдэ сыщІэнщи, ауэрэ си кьуэри кьэкІуэжынщ, Тхьэм жыхуиІар тІыдагъунщ - жеІэри, зыкьеІэт, унэм щохьэжри, нэхь зыхуейуэ кьыщыхьу и щы-гъынхэр зэкІуэцІелъхэ, и документхэр егъэхьэзыри-ри мэгъуэльыж. Абы мурад ещІ нэху къекІым я гъунэгъум дежкІэ екІуэкІыу и анэ шыпхъум и къэрыльхур кьелъэ-Іуауэ. сабийхэм тІэкІу яхубгъэдэсыну кІуауэ жриІэну. Арат и нысэми жриІэну и мурадыр.

Гъуэлъыжри, псынщІэу Іурихащ, унафэ гуэр и щхьэм зэрыртрищІыхьам и гур игъэпсэхуауэ.

Іэсият пщІыхьэпІэ ельагъу: Кьамботрэ Иэзрэ зэрышуаэ, хьэгъуэлІы-гъуэшхуэ ящІу. Кьамботрэ Иэзрэ кьызэдофэ, езы Іэсиятрэ и кьуэрыльхуэ Кьэнтемырри джэгум хэщІ. Кьамботи фІз кьэмышэ щІалэщ, Иэи хьыджэбз дзэу кьашащ. Іэсият апхуэдизкІэ мэгуфІэри, и гур кьыІэІуохьэри кьомэх. Дохутыпхэр кьыщхьэщытщ, ІущІу елъагъу. Кьамботрэ Иэрэ мэгъэвэ, кьуэрыльхуэхэри гуэкьеящ, ауэ езы Іэсият мэгуфІэ, зыгуэр кьеузуи зыхищІэркъым...

Пщэдджэкъым Кьарэжан зыгуэр хуеІуэ щыхъати, Іэсият иджыри хэльт. Нэхумыщым къэтэджу унэ Іуэхуэхэр зыщІэ гуащэр зэрыхэльыр абы иГъэщІэгъуауэ, бгъэдыхьэрэ еплъым, Іэсият гуфІэ фІэкІ умыщІэну и нэгум нур кьищу щыльт. Іэсиятрэ Кьарэжанрэ кьэуш и хабзэт. Кьарэжан стІолым тель лэныстэщхуэр кьещІтэри зыІэпегъэху, арщхьэкІэ зыкьитэхъеякъым...

АтІэ, Іэсият пщІыхьэпІэ дахэ дыдэ ильагъуу и гур кьигуфІыкІыну щохьэІэ-маным ирихьэлІат Иэз кьыІэрыхьа хъыбарыр. Абы и щхьэгъуэсэ Жантемыр Налшык кьыздикІыжыж машинэм иуклат.

Жантемыр конференц гуэрым хэтауэ кьыщІэкІыжри, тыкуэнхэм щыІэхьащ, зы тхьэмахуэ дэкІмэ ильэс щэщІрэ тхурэ хьуну Иэзрэ и пхъуитІымрэ зыгуэрэхэр кьахуищэхуну. Ари зэфІигъэкІауэ, унэм нэсыжьым куэд иІэжтэкъым, машинэ хьэльэщэ кьыщыжьэхэуам. Машинэр зейм зы джэд ирегъэуклаУи кьыщымыхьуу, нэхъри тракьуэзри кІуэдыжащ. Жантемыр иужь ита машинэхэм исахэращ дохутыпхэмрэ полицэмрэ кьезыджащ. Ауэ Жантемыр зыри сэбэн кьыхуэхьужьыфынутэкъым.

Иэз сабийхэр игъэтэуэлъыжщ, унэри тІэкІу зэгъэкІыжэжри и щхьэгъуэсэ Жантемыр ежьэу тІысыжат. Жэщыр хэкІуэтами, и мыхабзэу, Жантемыр зыщигъэгъуэзэнурэ, езым хуэзэфІэкІымкІэ кьыбдэІэпыкъунущ, адэкІи нэхъыфІ зэрыхъунумкІэ чэнджэщ кьуитынущ. Сабийхэм зэ-[illegible] къанэркъым, дэтхэнэми бгъэдыхьэкІэ кьыхуегъуэт икІи псоми яхуабзэІэфІщ. «Си псэ цыкІу», «си дуней нэху» а псалъэхэрщ абы сабийхэм зэрызахуигъаэзр.

И лэжьыгъэм щІэ ехъулІэныгъэфІхэм кьыпэкІуэ, Аслъэн Маринэ кьыхуагъэфэщащ егъэджэныгъэмкІэ район хуэдизкІэ и щІыхь, щытхъу тхылъхэр.

Маринэ и лэжьыгъэм и пщІэр дольагъ, гуапагъэрэ гупсысэ ЗэІущэмкІэ тхылымпІэ напэм дагъэшэурэ, щІэджыкІакІуэхэри Іыхьэнщэ димыщІу и тхыгъэщІэхэмкІэ дигъэгуфІэну.

**ГУГЪУЭТ Зарем.**

# Іуэхугъуэ дахэхэр зи Іэужь

**•Щапхъэ**

**Егъуджакіуэ, тхакіуэ, усакіуэ Іэщіагъэ ятыншхьм мыхъ[illegible] Іуэхугъуэ ятІонэрхэм я фІыгъуэ гуэр кьыхуегъэІэтыжыну. Ар щІыхуэ зыгъэпсэуф, зыуэщІыр, зыгуфІыкІуатэр. Апхуэдэ лжьыгъэхэм дамэ кьытраГъакІэ, ягъэнэщхьыфІэ Жэмбэч Рабия.**

РАБИЯ КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэр кьынхащ. Щалъхуа Адыгэ къуажэм идыкьпсту егъэджакІуэу щолажьэ. Ар ящыщщ зи Іэщіагъэм гурэ псэкІэ бгъэдэтэхэм. Иригъаджэ сабийхэм бзэр фІыуэ яреГъэлъагъэфу, адыгагъэ захрегъалъхъэ, лъэпкь кьыгъэрызэкІар, зэрыщІыхур дэтхэнэми и гум, и щхьэм ильу егъаСэ. Рабия хуэдэхэр нэхъыбэу щытамэ, щІэблэрэ нэхъыфІ хьунтэкъэ! Абы и псэм щыщ хъуащ егъэджакІуэ Іэщіагъэр. «Езгъаджэхэм ящыщу зым е Іуэм «Адыгэбзэм сыщІэтІысхьащэрэт» жеІэ ЗэІэфэ, ар си дежкІэ ехъулІэныгъэшхуэщ», - жеІэ езым.

И Іэщіагъэм щытепсэльхьы тхыгъэхэр иІэщ Рабия. Апхуэдэхэщ: «Дыгъэм и бзэ», «И щІэр зыфІещыж» миниатюрэхэр, «ЕгъэджакІуэм ущІэр».

И гум кьыгъаха Іэщіагъэр зэрыгугъур кьыгуроІуэ щыщІам. Ауэ и гуащІэкІэ зыІэригъэхъэ ехъулІэныгъэхэм гугъуехьыр зыхрагъащІэркъым. «ЕгъэджакІуэ» уСэм кьыхощ а гупсысэр:

ЩІэныгъэм нуру хэтэджыкІыу
Іэщіагъэу гугъэ псэм зэхуэ.
Ухуэхъуэжьыкъым узгъэнкІэу,
УІэгъэу згъуэтар зыдэхъуж.
Уэ уи щІэр фІыкІэ бэм кьаІэтыр,
Щытхъупсыр гущІэкІэ кьохьыж.
Езым пщІыжауэ уи сурэтыр,
Уи напэр, фащэр кьоІэуж...
Рабия и фІэщ мэхъу и анэдэлъхубзэр зэрыпсэунур, нэхъри зэрефІэкІуэнур, акьылэгъэкьым «адыгэбзэр згъэгъуэ кІуэдыжынущ» гупсысэмкІэ. Ар кьыхощ тхакІуэм и псалъэхэм: «Хьауэ, адыгэбзэр лъэужьыныр зэхуэкІэ Іэмал иІэкьым, адыгэпсэ зыІут щІым щыбдауэху, адыгэгу зыкІуэцІыльэ дуней тетыху, адыгэбзэр зыгъэзбэрабзэ, зыгъэпэрыуэ, зыгъэЗурыщІэ, зыгъэщІэращІэ дыгъэр уафэгъуэ щыІэтхэу! Апхуэдэ гугъэм гур егъэфІыж, егъэІэфІыж, егъэфІэрэфІэж»...

ЕгъэджакІуэ гумызагъэр хэтщ сабийхэр тхылъым зэрыдригъэхьэхьиным, есэпхэр щІэщыгъуэу зэрыригъэкІуэкІыным. Еджаблэм куэдрэ кьыщыдэзгъэпэщІыжу бзэм теухуа зэІущІэхэр, пшыхьхэр. Рабия хэтащ Надлышк къалэ щекІуэкІа «Шорджэс дуней» фестивалым, икІи «Литературэ ІэдакъэщІэкІ» номинацэм ящ �уфІэщ.

Пищащэр жьаджэру холэжьыкІ Хьэх Сэфарбий кьыхэригъэпэща «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм. Уси прозэ етх. И тхыгъэхэр республикэм кьыщыдэкІ газет, журналхэм зыщигъэзгъэзэнурэ, езым хуэзэфІэкІымкІэ кьыбдэІэпыкъунущ, адэкІи нэхъыфІ зэрыхъунумкІэ чэнджэщ кьуитынущ. Сабийхэм ар зэ-[illegible] къанэркъым, дэтхэнэми бгъэдыхьэкІэ кьыхуегъуэт икІи псоми яхуабзэІэфІщ. «Си псэ цыкІу», «си дуней нэху» а псалъэхэрщ абы сабийхэм зэрызахуигъаэзр.

И лэжьыгъэм щІэ ехъулІэныгъэфІхэм кьыпэкІуэ, Аслъэн Маринэ кьыхуагъэфэщащ егъэджэныгъэмкІэ район хуэдизкІэ и щІыхь, щытхъу тхылъхэр.

Маринэ и лэжьыгъэм и пщІэр дольагъ, гуапагъэрэ гупсысэ ЗэІущэмкІэ тхылымпІэ напэм дагъэшэурэ, щІэджыкІакІуэхэри Іыхьэнщэ димыщІу и тхыгъэщІэхэмкІэ дигъэгуфІэну.

**ГУГЪУЭТ Зарем.**

**•Гуапагъэ**

# Псоми яльэо

Іуэхугъуэ зыгъэбжьыфІэр и Іэхуэщ Іафэрщ зыхужаІэхэм хуэдэщ. ХьэтІохъуащкъуей кьуажэм дэт курыт школ №3-мрэ абы епха сабий садымрэ медсестрауэ щылажьэ Аслъэн Маринэ. И дуней тетыкІэкІи и лэжьыгъэм хуиІэ бгъэдыхьэкІэмкІи щапхъэщ а бзылъхугъэр. Зи ужь ихьэ Іуэхур гуГъэзэгъауэ и кІэм нимыгъэсауэ тепыІэркъым. Аращ, ар зыхэт гупсысэ и лэжьыщхуэхэм фІыуэ ящІа Іэльагъур, пщІэ кьыщІыхуащІыр.

И лажьыгъэм щІэ ехъулІэныгъэ ехъулІэу зэрыпэрытым нэмыщІ, Іуэхутхьэбзэ щхьэкІэ зыкъыуэзыгъэзэ дэтхэнэми хуэзфІэкІ зэрыхуищІэным хущІокъу Маринэ. КьелъэІу сымаджэм щхьэусыгъуэ гуэр ищІу зэи зыщхьэщигъэкІыр: щхьэгъуэ щІэщІр тхурэ хьуну Иэзрэ и пхъуитІымрэ зыгуэрэхэр кьахуищэхуну. Ари зэфІигъэкІауэ, унэм нэсыжьым куэд иІэжтэкъым, машинэ хьэльэщэ щхьэщыжьэхэуам. Машинэр зейм зы джэд ирегъэуклаУи кьыщымыхьуу, нэхъри тракьуэзри кІуэдыжащ. Жантемыр иужь ита машинэхэм исахэращ дохутыпхэмрэ полицэмрэ кьезыджащ. Ауэ Жантемыр зыри сэбэн кьыхуэхьужьыфынутэкъым.

Иэз сабийхэр игъэтэуэлъыжщ, унэри тІэкІу зэгъэкІыжэжри и щхьэгъуэсэ Жантемыр ежьэу тІысыжат. Жэщыр хэкІуэтами, и мыхабзэу, Жантемыр зыщигъэгъуэзэнурэ, езым хуэзэфІэкІымкІэ кьыбдэІэпыкъунущ, адэкІи нэхъыфІ зэрыхъунумкІэ чэнджэщ кьуитынущ. Сабийхэм ар зэ-[illegible] къанэркъым, дэтхэнэми бгъэдыхьэкІэ кьыхуегъуэт икІи псоми яхуабзэІэфІщ. «Си псэ цыкІу», «си дуней нэху» а псалъэхэрщ абы сабийхэм зэрызахуигъаэзр.

И лэжьыгъэм щІэ ехъулІэныгъэфІхэм кьыпэкІуэ, Аслъэн Маринэ кьыхуагъэфэщащ егъэджэныгъэмкІэ район хуэдизкІэ и щІыхь, щытхъу тхылъхэр.

Маринэ и лэжьыгъэм и пщІэр дольагъ, гуапагъэрэ гупсысэ ЗэІущэмкІэ тхылымпІэ напэм дагъэшэурэ, щІэджыкІакІуэхэри Іыхьэнщэ димыщІу и тхыгъэщІэхэмкІэ дигъэгуфІэну.

**•Іуащхьэмахуэ куей**

# Гъэунэхупіэ утыку

**Сабий, щІалэгъуалэ туризмымрэ дунеяпІэ кьжКІухьыныжкІэ Іуащхьэмахуэ куейм щыІэ станцыр кьыхэзгъэпуэкъэрэ илъэс 30-м щигъуащ. А зэманым кьрибудыуэ абы ирегъэкІуэжІ зэрыгъэ купщІафІэхэмкІэ кьыхэщІыпудыщ ныбжьыщІэ минхэр.**

СТАНЦЫМ и кьалэныр кьэралым и зыгъэпсэхупІэ нэхъыщхьэу кьэгъуэгурыкІуэ ди щІыналъэ гъуэзэджэм и экологие щытыкІэм, кьэрыр уардэхэм яхьумэ щэхуэхэм кьыдэкІуэтей щІэблэр хэгъэгъуэзэныгъ. Апхуэдэу мы ІуэхущІапІэм щыкІуэр хуегъэжьэзыр туризмым и кьудамэ куэдым: дунеяпІэ ди щІыпІэм кьакІуэкэр кьезыщэжІ «гъуэгуГъэлъагъуэхэр», инструкторхэр, лъахэхутэкэр.

Кьудамэ зэмылІэужьыгуГъуэ 6 станцым иІэщ. Иджыпстау абы кьокІуалІэ ныбжьыщІэ 270-рэ. «Туризмым ехьэлІа Іэщагъэ эбжьэм псомк Іыхамыхьинкіэ Іэмал имыІэу щыткъым, ауэ мыбы щІэзэрГъэгъэуэта щІэныгъэр зэи лей зэрымихьынур дэтхэнэ зыми фІыуэ кьыгурОІуэ», - жеІэ Іэнатім ипхъу кьуэр куэд лъандэрэ щылажьэ Халинэ Ольгэ.

Сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я творческэ зэхэщІыкІым зегъэубгъуным, хэкуп-сэу, кьадекІуэкІ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ фІыуэ хащІыкІыу кьэгъэтэджкІым станцым и кьудамэ псори купщІафІэу толажьэ. Абыкіэ сэрэпшхуэ мэхъу ар Іуащхьэмахуэ куейм и курыт еджапІэхэм, лицейхэм «Іуащхьэмахуэ лъапэ» лъэпкъ паркым, КъБР-м и МЧС-м, ДОСААФ-м я кьудамэхэу мы районым щыІэхэм зэрапыщІар.

Станцым щыІэщ тхыдэмрэ ди щІыналъэр джынымрэ, дыкъэзыухъурееныгъ дунеим, турист, географ ныбжьыщІэхэм я гупжьей щхьэхуэхэри. Абыхэм кьекІуалІэ щыкІуэхэм зэрадзлажьэ программэхэм япкъ иткІэ, гъэ еджэгъуэм и пэщІдзэхэм ирихьэлІэу щІэныгъэ проектхэр трагуашэ. Ильэсыр икІыху ныбжьыщІэхэм зыхагъэзгъуаз я ешІэрэ дихьхьаку кьыхаха уэсГъыныгъэхэм. Апхуэдэ щІыкІэм тету кьыІэрагъэпэща лэжьэкІэ Іэмалхэм гъэсэнхэр щІэныгъэкуум хешэ, я зэфІэкІ здынэсыр яГъэнэхуну Іэмал кьарет.

Ильэс куэд хьауэ ириГъэкІуэкІ гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэхэм я фІыгъэкІэ, мыр хагъэхьаныгъ Егъэджэныгъэм зегъэужьныныкІэ федеральнэ институтым и «гъэунэхупІэ утыкуКІэ» зэдзэ Іэнатім Іэхэм.

**САФРОНОВ Анатолий.**

# Гулъытэ

**•Псапэ**

**Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩІалэгъуалэ Іуэхуэхэмкіэ и министерствэмрэ �щІалэгъуалэ центрымрэ я псапащІэ акцэ зыщыкьэІуи и 13-м Налшык щыщидзащ.**

АР ЗЫХУЭУНЭТІАР кьытщІэхъуэ щІэблэр гущІэгъуэм, гулъытэм, зэкъуэтыныгъэм кьыхуеджэнырщ. Апхуэдэу ар хуэунэтІащ насыпэ нэсым и кьежьапІэр зэгурыІуэ зэрылъ унагъуэр зэрыарар ныбжьыщІэхэм къагурыгъэІуэным.

Акцэм ипкъ иткІэ кьрахьэжьа япэ псапащІэ Іуэхур щызэхэтащ зи ныбжь хэкІуэта цІыху щхьэзакъуэхэр щапІиж унэм. Нэхъыжьхэм я пащхьэ абы концерт щатащ.

Иджы абы икІынурэ акцэм хэтхэр адэ-анэ зыщхьэщымыгтыж сабий зеинщэхэр щаІыгъ интернатхэми кІуэнущ. Ахэр зрагъэплъыну нэгузымужь программэм кьыдэкІуэу, цІыкІухэм хуашэнущ ІэфІыкІэ зэмылІэужьыгъуэхэри. Налшык и «Жако» комбинатыр.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

«Кабардинка» къэрал академическэ къэфакІуэ ансамблыр кьоф. *1998 гъэ*

● Къэхутэныгъэхэр

# Къэзанокъуэ Жэбагъы и кхъащхьэр къагъуэтащ

**Адыгэ щІэныгъэлІхэу Нало Заур, Гъут Іэдэм сымэ щы-хьэт зэрытехьэжмкІэ, Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкь куэдым я Іуэрыіуатэм Къэзанокъуэ Жэбагъы и цІэр кыхощ Іуащыгъэм, захуагъэм, лЫгъэм и нэщэнэу. Ар кьызэрыгуэкІ щыхухуэм зихуэдизкІэ фІыцІ яльэгъуатІ, дунейм ехыжа нэужь, Кавказым ис лъэпкь зэмылІэужьыгъуэхэм щхьэж езым я лЫхьужьхэм хабжэ хьуащ.**

«АДЫГЭ (шэрджэс) щІэнгъаэзм» зэритымкІэ, зэрыущым, цыхьу бгъэдыхьэкІэ зэриущІэм и фЫщІэкІэ мызэ-мытІэу Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ я зэгурыІуэныгъэм хэлыфІыхьащ, 1722 гъэм Прикаспием Петр I Кьейтыкъуэ Алъэнбэчрэ щыІэзращыІэ Сулакск зэгурыІуэныгъэм хэтащ. 1731 гъэм адыгэ посольствэм щыгъуэу Петербург кІуащ, Урысейр кьыгуэту Кърым хьаныдзэм пэщІэтыну щыІэзэгурыІуэм щхьэж езым я лЫхьужьхэм хабжэ хьуащ.

Къэзанокъуэр кьыщалъхуа илъэсым и пэкьипІэр иджыри яубзыхуакъым, 1685 гъэрауэ хуагъэфащэ. Зеинкъуэ, Аушыджэр, Кэнэж жылицым дэсхэм ар я кьуажэгъуу кьалЫтэ. Апхуэдэу и кхъащхьэр Кэнжэ ауэым, Хьэтлохъущыкъуей, Аушыджэр кьуажэхэм щыІэу кьалытэ.

Дунейм зэрехьыжра апхуэдэуи куэд мыша щыху Іуащыр (1750 гъэ) кьыщалъхуа кьуажэр щхьэ мыубзыхуарэ? Жэбагъыр я абы и щхьэгъусэмрэ я кхъащхьэ сынхэр XIX лІэщІыгъуэм Налшык къагъэІэпхъуауэ щытащ, ауэ 1957 гъэращ щагъэувар иджыпсту здэщыт щІыпІэм - КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр здэщыт Щхьэхуитныгъэм и хадэм. Кхъащхьэхэр кьыщІагъэІэпхъуам и щхьэусыгъуэмрэ ар кьыщхьуа гъэмрэ мыгурыІуэгъуэ икІи зэтемыхуэ Іуэхутэуэ куэд хэлъщ. Ауэ дызыщыгъуаэзр зыщ - Къэзанокъуэм и хьэдэр а щІыпІэм щІэлкъым.

А Іуэхур эххагъэкІыну ящхь ихьащ тхьилъ тедзапІэ зиІэ лъахэхутэ цІэрыІуэхэу Котляровхэ Викторрэ Марие р. Архив тхыгъэ зыщІэнагъ щІаджыкІа нэужь, щІэныгъэлІхэм зи гугъу ящІ Къэзанокъуейр Кэнжэ, Аушыджэр кьуажэхэмкІэ щымыІуэу кьалЫтащ.

Аэр кьытеувыІащ Бахьсэн и ижьырабгъу лъэныкьуэмкІэ щыс, нэхьапэм Хьэтлохъущыкъуейуэ щыта Зеинкъуэ кьуажэмрэ Къэзанокъуеймрэ зы жьлэу зэрыщытам теухуауэ щыІэ Іуэху епльыкІэм. «Къэзанокъуэ Жэбагъы теухуа хьыбархэр» тхылъым зыгъэрым кьыщІыуэтэжри абы щыхьэт тохьуэ: «Къэзанокъуэ Жэбагъы Къэбэрдейм щыпсэуащ, Бахьсэн уфІэкІмэ, Зеинкъуэрэ Жанхъуэтекъуэрэ я зэхуакъум ита Къэзанокъуей кьуажэм. А жьлэр ди зэманым кьэсасыщ. Къэзанокъуэ Жэбагъы дунейм ехыжа нэужь, щыпсэуа Къэзанокъуей жьлэм щыщІалъхьэжащ, и сыныр Налшык ягъэІэпхъуэри абы щагъэуващ».

Хэку зауэшхуэм и ветеран Джэгдгъэф Алъэмырзэ Котляров зэщхьэгъусэхэм жкриІащ Хэку зауэшхуэм и пэ кьыхуэу Зеинкъуэ кьуажэм дэса нэхъыжьыфІхэу Щоджэн Тати, Куп Цацу, Щомахуэ Бахьит сымэ ар кьыхуаІуэтэжауэ зэрыщытар. Иужькъ, езыр мэкъу Іэнащтэ кІуауэ, щыхуІущыр щыпсэуа унэм щыщу кьэнэжа Лъабжэкэр зэщхьэгъусэхэм я кхъащхьэ ІуащхьитІыр ялъагъуну кьаухуриущ. Уеблэмэ зэхихауэ ещІэж кхъащхьэр кьыІэрамыкъухьым кьыхъжьыу нэхъыжьхэр шхыдэу зэрыщытар.

НэгъуэщІ зеинкъуэдэс Сыжакэ Руслани ардыдэр кьиІуэтэжащ. И адэм и гъэсэу щІалэ щыкІуи а губгъуэм зыбжанэрэ щыІэну кьыхуихуати, Къэзанокъуэхэ я унэм кьыхэнэжамрэ абы и гъунэгъуу щыт кхъащхьэмрэ кьригъэльагъуи, а щыпІэм Къэзанокъуэ Жэбагъыр абы и щхьэгъусэмрэ зэрыщІэльыр, абыхэм я сыныр Налшык зэрагъэІэпхъуэ кьажриІащ.

Лъахэхутэхэр зыкъомрэ лъыхьэуа нэужь (щыпІэм зэхъуэкІныгъэ игъуэтащ, зэщІэкІэжа удзыжьхэм лъагъуэхэр хагъэрэуэщэжащ), абдеж кьыщІэжи псынэм пэмыжьыжьу Къэзанокъуэм и унэ кьутахуэр кьагъуэтащ, абы пэгъунэгъут ерагъыу кьыхэщ я ІуащхьитІыр,

Жьлагъуэ, политикэ лэжьакІуэ щІэрыІуэ, гупсысакІуэ, реформатор, дипломат, эн Іуэхущафэхэмрэ Іущыгъэмрэ Кавказ псор иригушхуэ Къэзанокъуэ Жэбагъы и кхъащхьэм унафэ игъуэтын хуейуэ Котляров зэщхьэгъусэхэм кьалЫтэ.

Зэманым дэбакъуэу, кьэкІэунум телажьэу псэуа Къэзанокъуэм хуэфащэ пщІэ щІэлэм хуэтщІыну, и фэеплъыр дымыгъэжІуэдэжыну ди кьалэнщ. Жьлагъуэр зэгурыІуэу, а Іуэхур кьезэгъыу зэфІахыну дыщогугъ. Нэхъыщхьэращи, Жэбагъы щыщІалъхьа Зеинкъуэ кьуажапщэм абы и сын зи мыльку кІэ щызыІгъэувыну хьэзыр щІыхуХэр щыІэж.

Жэбагъы и хьэдэр а щІыпІэм зэрыщІэлъым щэч кьытезыльхэ кьахэкІмэ, ар зэрыщэхэбгъэкІыну Іэмалщ молекулярно-генетикэ экспертизэр. Къэзанокъуэм кьыщІэхъуа щІэблэр Къэрэшет-Щэрджэсым и Кушхьэблэ, Зеинкъуэ кьуажэхэм, Хуэдз, Лэшэпсынэ адыгей жьлэхэм, Къэбэрдей-Балькъэрым щыІэхэр, - жаІэ Котляров зэщхьэгъусэхэм.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

**«Енисей» (Красноярск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 3:1 (2:0). Красноярск. «Центральный» стадион. Щыщхьэ Іуэм и 13-м. Щыхуэ 4600-рэ епльащ.**

**Судьяр:** Лаюшкин (Мэзкуу).

**«Енисей»:** Плотников, Качан, Шабаев, Пятикопов, Ситдиков, Лебамбэ, Базанов (Чуперкэ, 90), Лешонок, Алексеев, Роденков (Пьянченкэ, 75), Кожанов (Чадов, 69).

**«Спартак-Налшык»:** Коненков, Засеев (Абазэ, 80), Багаев, Филатов, Овсеенкэ, Татарчук (Рухана, 66), Щоджэн, Коронов, Щауей (Чеботару, 46), Балэ (Сирадзе, 46), Дорожкин.

**Топхэр дагъэкІащ:** Пятикоповым, 43 (1:0). Базановым, 45 (2:0). Сирадзе, 65 (2:1). Пятикоповым, 86 (3:1).

**Дагъуэ хуащІащ** Пятикоповым, Базановым, Кожановым, Чеботару, Овсеенкэ.

***ЕпщыкІутхуанэ дакъикъэм*** Пятикоповым пенальти худэгъэкІакъым.

ЗэкІэлъхьэжьу тІэу зэрытекІуам дигуэр кьызэригъэгъуэтыжауэ «Спартак-Налшыкыр» Красноярск кІуат. Хэт ищІэнт апхуэдизу псынщІэу гугъэхэр кьызэтещхэжыну?

Красноярскдэсхэм занщІу тепщІныгъэр яубыдащ. Абыхэм я ебгъэрыкІуэныгъэ лъэщхэр ди гъуащхьхьымэхэм куэдрэ яхуэзтеІыгакъым икІи епщыкІутхуанэ дакъикъэм я гъуэм пэгъунэгъуу футбол хабзэр кьызэпаудащ. Пенальти. Ди насыпти, хэгъэрейхэм я капитан Пятиковым ар тэмэму хуэтхъэщІакъым икІи бжьыгъэр зэрыщыту кьэнэжащ.

Арщхьэкі Іэ «Енисей»-м и ебгъэрыкІуэныгъэхэр кьызэщІэплъэ зэпыт икІи кІуэ пэми нэхъ наІуэ хьурт апхуэдэурэ куэдрэ зэремыкІуэкІыфынур. ИкІи загъэпсэхуну икІыным дакъикъитІ-щы фІэкІа имыІэжу «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхьымэхэр тІэунейІэр зэкІэлъхьэжьу «КІуэцІрыхуащ» икІи 0:2-уэ кьыхагъащІэу джэгу зэпагъэуащ.

Іуэхур игъэтэмэмыжьым мурадкІэ, налшыкдэсхэм я тренер нэхъыщхьэ Шыпш Тимур и футболистищ зэуэ джэгугъуэр адрей кьалэхэми щекІуэкІащ. Абыхэм кьарикІуа бжьыгъэхэм щыгъуаэ фыдощІ: **«Урал»** (Екатеринбург) - **«Торпедо»** (Мэзкуу) - 3:0, **«Металлург-Кузбасс»** (Новокузнецк) - **«СКА-Энергия»** (Хабаровск) - **1:0, «Балтика»** (Калининград) - **«Сибирь»** (Новосибирск) - **0:3, «Уфа»** (Уфа) - **«Томь»** (Томск) - **0:2, «Нефтехимик»** (Нижнекамск) - **«Салют»** (Белгород) - **3:0, «Петротрест»** (Санкт-Петербург) - **«Химик»** (Химки) - **0:0, «Шинник»** (Ярославль) - **«Волгарь»** (Астрахань) - **1:1.**

КъыкІэлъыкІуэ джэгуфэрэ «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкІуэжІынущ. ЩыщхьэІум и 17-м абы кьригъэблэгъэнущ Новокузнецк и «МеталлургКузбасс»-р.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Урысей Федерацэм футболымкІэ и яп э дивизионым 2012-2013 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр*

| Командхэр | Дж. | Къ. | З. | ФІ. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. **«Томь»** | 6 | 4 | 1 | 1 | 11-5 | 13 |
| 2. **«Нефтехимик»** | 6 | 3 | 2 | 1 | 11-6 | 11 |
| 3. «Енисей» | 6 | 3 | 2 | 1 | 8-5 | 11 |
| 4. «Сибирь» | 6 | 3 | 1 | 2 | 10-8 | 10 |
| 5. «Уфа» | 6 | 3 | 1 | 2 | 6-4 | 10 |
| 6. «Ротор» | 5 | 3 | 1 | 1 | 4-2 | 10 |
| 7. **«Спартак-Налшык»** | 5 | 3 | 0 | 2 | 7-8 | 9 |
| 8. «Урал» | 6 | 2 | 5 | 1 | 11-5 | 9 |
| 9. «СКА-Энергия» | 5 | 2 | 2 | 1 | 5-3 | 8 |
| 10. «Металлург-Кузбасс» | 6 | 1 | 2 | 3 | 4-4 | 8 |
| 11. «Балтика» | 6 | 1 | 3 | 2 | 7-9 | 6 |
| 12. «Петротрест» | 6 | 1 | 3 | 2 | 5-10 | 6 |
| 13. «Салют» | 6 | 1 | 2 | 3 | 6-8 | 5 |
| 14. «Шинник» | 6 | 1 | 1 | 4 | 4-7 | 4 |
| 15. «Торпедо» | 5 | 1 | 1 | 3 | 2-9 | 4 |
| 16. **«Волгарь»** | 5 | 0 | 3 | 2 | 3-6 | 3 |
| 17. **«Химки»** | 6 | 0 | 2 | 4 | 3-8 | 2 |

● Футбол

«Спартак-Налшыкым» и гъуэм топитІ кьыдигъэкІащ «Енисей»-м и капитан Пятикоповым.

# Къахуегъэлакъым

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Дыгъуасэ илъэс 20 ирикъуащ кужы-абхьаз зауэр зэрыщІидзэрэ.
Мы сурэтым щыпольгъу: Апсным и яп президент Ардзинбэ Владислав, мерей Виссарион, «Клуб кинопутешественников» телентэныр езыгъэкІуэкІ Сенкевич Юрий сымэ.
*1991 гъэ, накъыгъэ мазэ.*

● КъБР-м и МВД-м къет

## Хьэрычэтыщ Іэр зыуКІахэр яубзыху

**КъБР-м и хабзэхьэмэ Іэнатіэм и пэжьакІуэхэм «Кавказ» федеральнэ гъэгуэн и 423-нэ километрым деж, Псыхуабэ дъэныкьуэмкІэ мэз кусэм, кьыщагъуэтащ литр 50 зэрыхуэ пластик бочкэ.**

АБЫ илът РГД-5 гранати 2, дэтхэнэри грамм 400 хьууэ тротил щашки 2, револьвер, ПМ кІэрахьунтІ макъ езымыгъэщІ Іэмэпсымэхэр ящІыгъуу, ГП-30 гранатэдз, «Сайга» щакІуэ фоч, кьэлыд смесь зэрыт птулькІи 5 (дэтхэнэри литр 0,5-м хуэщІауэ), Іэщэ Іэмэпсымэ куэд.

Къагъуэтахар КъБР-мкІэ МВД-м и эксперт-криминалист центрым игъэхьащ. Іэщэ гъэтІылъыгъэр зыгъэпщкІуэ бзаджащІэхэр кьаІытыхуэ.

*Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ мнинстерствэу КъБР-м щыІэм Хьыбархэмрэ жылагъуэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и Іэнатіэ.*

# «Іуащхьэмахуэ» журналым и ещанэ къыдэкІыгъуэр

**Ар кьызэІуех тхакІуэ щІэрыІуэ Лохвицкий Михаил и «Уафэгъуагъуэ мафІ» повестым щыщ пычыгъуэмкІэ, Урыс-Кавказ зауэм щыгъуэ адыгэхэр зэпхуа бзылъхьам, куэдым хэкур зэрабгынам теухуа а тхыгъэр кьытрадзащэ зауэр зэрихуэр илъэс 150-рэ щрикъум ирихьэлІэу. Повесеткэ адыгэбзэкІэ зэзыдзэкІар Къэрмокъуэ Хьэмидщ.**

АДЭКІЭ тетщ Мыз Ахьмэд итха «Кэрт іофэ гъэвантІ» рассказыр.

Балькъэр усакІуэ Отаров Керим кьызэральхуэр илъэсиц 100 щрикъум ирихьэлІэу традзащ балькъэр усакІуэм теухуауэ Елгъэр Кашиф итхьажа «УцІелхьуэпсэм лІыгъэ зыхъпа усакІуэщхьуэ» гуныжьыжьымрэ Отаровым и усэ зыбжанэрэ. Ди кьуэш щэрджэс тхакІуэхэм я нэхъыжь дыдэщ иджыблагъэ илъэс 90 ирикъуа Хьэнфэн Алим. Ар тхьилъ 30-м нэс кьыддэзыгъэнА, «Къэрэшей-Щэрджэс Республикэм и щыхуэбэ тхакІуэ» зыфІаща, «жьышхьэ махуэ хьуащ» зыхужаІэм хуэдэ тхакІуащ. Журналым тетщ Хьэнфэным тепсэльыхь тхыгъэ кІэщІэ и усэхэмрэ.

Къэбэрдей прозэм лъэужьыфІ кьыхинащ тхакІуэ КІэрэф Мухьэмэд. Бзэ щІэщыгъуэ дахэрэ купщІафэкІэ абы и Іэдакъэм кьыщІэжа тхыгъэхэр кьэбэрдей прозэм и фІыпІэ дыдэхэм яхьильащ. Журналым тридзащ тхакІуэм и кьуажэгъуу, ар фІыуэ зыщІыхьу щыта Елгъэр Кашиф и тхыгъэмрэ Мухьэмэд и «ЩакІуэ хьыбархэм» щыщ зыбжанэрэ.

«Литературэдж, публицист, эдэзэкІакІуэ Іэзэ» тхыгъэр тепсэльыхь журналист Іэзэу щыта, Щоджэнщыкіу Алий, Кіыщокьуэ Алим, Кіэрашэ Тембот, нэгъуэщІ адыгэ тхакІуэхэми я лэжьыгъэхэр куэду зэпэрыхьыным куэд хэзыІэужьыхьа КІуращым БетІал. Апхуэдэуи абы зэхуэхьэсыжьыртІуэрэІуэтэр, кьуажэхьхэр, псальэхьхэр, хьыбарыкьхэр, жьІэгъуэхэр, хьуэрыбзэкэр, кьебжэкІэр. КІуращыныр илъэс зыбжанэкІэ «Іуащхьэмахуэ» журналмэ щыІэжащ. Журналым тпэ КІуращыным итхьажащ щыта «Жьэгу пащхьмафІэ», «ХьэтІохъущыкъуей нап», «Анзэор лІы цыкІу», «ЛЫжьымрэ фызыжьымрэ» хьыбарыжьхэр.

Адэкі э кьыкІэлъокІуэ балькъэр тхакІуэ Теппеев Алим теухуа тхыгъэрэ абы и «Кьуэдзэр», «Илясрэ щыщІэмрэ» рассказэхэмрэ.

Кьэбэрдей сабий усыгъэм куэд хилэжьыхьащ, цыкІухэм папщІэ усэ хьарзынэхэр зыитха Хьэцыкіу Хьэсэн. Ауэ пасэу, 2000 гъэм дунейм зэрехьжам кьыхэжкІэ, Хьэцыкіум ищІэфыну псоми и Іэр хунэсакъым. Ауэ абы дунейм кьытринащ сабийхэм яхуитха тхьилъ зыбжанэ: «Бзуэхэр мэбзэрабзэ», «ПсыхьэгуэщІэ», «Мамэ и сурэт», «Гъэгу дамыгъэхэр мэпсальэ» тхылъхэр. Хьэцыкіуэр псэужамэ, мы гъэм илъэс 75-рэ ирикъунут. Абы ирихьэлІэу журналым тридзащ Хьэцыкіум тепсэльыхь тхыгъэ кІэщІэ и усэхэмрэ.

Адэкі э журналым тетщ ди нобэрей литературэр критикэм и щытыкІэм зэрепльым теухуауэ щІэныгъэлІ Щокьуий Кьадир итха «Критикэр дзагуэ щытын хуейкъым» тхыгъэр.

Хэку зауэшхуэр ди Іеиэныгъэкіэ зэриухрэ илъэс 67-рэ зэрэхьуам теухуащ «175-нэ дивизэм ЩхьэлІыкъуэ щыщкэри хэтащ» тхыгъэр. Ар и Іэдакъэщіэкіуэ егъэджакІуэ, Щхьэлыкъуэ музейр кьызэзэгъэпсэуа Коммодов Геннадий.

Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ АфІэцунэ Рае «Зауэ гъэгуэнэмэ лэжьыгъэ Іэнатіэхэмэ щы-пэрытащ» зыфІища тхыгъэр зытеухуар ауушыджэрдэс, зи ныбжьыр илъэс 90-м щхьэдэха Шэшэн Залымхьанщ.

Адыгэ усакІуэ гъуэгуанэм щІэнкІыжу Алий езыр псэу щІыкІэ кьыдигъэкІаІэм нэмыщІ, и тхыгъэ куэд Хэку зауэшхуэм и лъэныкъо зыгъэтхьажащ. Абыхэм ящыщу «Къэрэхьэлъкъо» гъэтхыгъэр зытеухуар зытеухуар ауушыджэрдэс, зи ныбжьыр илъэс 90-м щхьэдэха Шэшэн Залымхьанщ.

Адыгэ усакІуэ гъуэгуанэм щІэнкІыжу Алий езыр псэу щІыкІэ кьыдигъэкІаІэм нэмыщІ, и тхыгъэ куэд Хэку зауэшхуэм и лъэныкъо зыгъэтхьажащ. Абыхэм ящыщу «Къэрэхьэлъкъо» гъэтхыгъэр зытеухуар зытеухуар ауушыджэрдэс, зи ныбжьыр илъэс 90-м щхьэдэха Шэшэн Залымхьанщ.

ЩыщІэсыжьу Алий и тхыгъэхэу нэхъ нужькІэ кьаГъуэтыжахэрэщ зытеухуар Хьэкіуащэ Андрей «Щоджэнщыкіу Алий и тхыгъэ дызыщымыгъуэзар» зыфІища лэжьыгъэр. Хьэкіуащэр апхуэдэуи мыбы щытопсэльыхь Щхьэлыкъуэ щыщкІум Іуэрыіуатэр зэхуэхьэсыжу, хьыбар куэд фІыуэ зыщІэ лЫжьыкъэм яІущІэрэ ахэр жагрыгъэлэжу зэрыщытами. Апхуэдэ хьыбархэм ящыщ зыщІилъэсищэрэ хьыр зэ ин ныбжь. Кьыдзбрун ЕтІуанэ кьуажэм щыщ Жэщ Хьэжьыр кьиІуэтэжу Алий итхьажащ щыта «Лениным сызэрыІущІэгъар» жьыхуИэр. А хьыбарыр тридзащ журналым.

Епщыкіубгъуанэ лЭщІыгъуэм и кІэухымрэ етІощІанэм и пэщІэдзэмрэ щІэныгъэфІ зэзыгъэгъуэта адыгэ щІалэ зыбжанэ щыІащ урысыбзэкІэ художественнэ, публицист тхыгъэхэр ятхыу. Апхуэдэ адыгэ уэзщІакІуэхэм ятопсэльыхь педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат Ержьыб Асльэн и «ИльэС пщІей гъуэгуанэм кьриубыдэу» тхыгъэр.

Адыгэхэм я усакІуэшхуэ Пащі э Бэчмырзэ и музей усакІуэр кьыщалъхуа Нартан кьуажэм кьызэрыщызэІуахэмрэ а музеим иригъэкІуэкІ лэжьыгъэмрэ нэІуасэ фахуищІынщ филологие щІэныгъэхэм я кандидат Тхьэмокъуэ Женя игъэхьэзыра «Лъэпкь гульытэ зыхуэфащэ» тхыгъэм.

Хьуэрыбзэмрэ щагъыбзэмрэ ди адыгэ Іуэрыіуатэм и жанр нэхъ гъэщІэгъуэнхэм ящыщу. Абыхэм ябгъэдэбгъуэгъэ хьунущ щІалэмрэ хьыджэбзыщэрэ зэпадзыжьуэ зэрызэпсалъэу щыта «Псэльыхьубзэ» жьыхуІэрэ. Щапхъэ пыухыкІакІэр кьиІуэтэ абы зыубгъуауэ топсэльыхь Хьуэжэ Жанна и «Псэльыхьубзэ» тхыгъэр.

Адэкі э журналым тетщ усакІуэ ЩІыуэкІ Латмир и «Губгъуэр зэрыдзэ» усэ тхьилъыщІэр, Хьэжжокъуэ Людмилэ щызэпкьриха «Губгъуэ зэрыщІэгъуэр гуГъэфІ» кьызэдэжь...» тхыгъэр.

Щыхумрэ ар зыхэпсэукІ дунейм рэ псэкІи Іэпкьлъэпкькіи зэрызэпыщІам, зым адрейм зыхьуэжьынигъэ гуэрэхэр хильхьэуэрэ кьызэрекІуэжьым топсэльыхь филологие щІэныгъэхэм я кандидат Тхьэгъэпсэуэ Анатолэ «Дыкъэзыухьуреихь дунейм рэрэ» и тхыгъэр.

Адэкі э журналым тридзащ Къэрмокъуэ Хьэмид нарт Сосрыкъуэ теухуауэ еджакІуэхэм папщІэ итхьажа хьыбархэр.

«Хьуэжэ и куэбжэ» Іыхьэм итщ Нало Заур итхьажа гушыІэ хьыбар зыбжанэ.

**АБЗУАН Пщымахуэ.**

## Маркэ нэщІу мелуани 2

Оперативнэ Іуэхуэхэр щрагъэкІуэкІым Урысейм ШынагъэнщагъэмкІэ и федеральнэ къудыкъущІапІэм и лэжьакІуэхэм къагъуэтри къатхьэкІуащ арксэ кьыщІэзыгъэкІхэм кьагъэсэфэн акциэ маркэ нэщІу мелуани 2. Экспертхэм кьызэрыгъэтамкІэ, ахэр Гознакъым щытрадзакъым икІи УФ-м и Кэрал стандартым и мардэхэм къэзэгъыркъым.

Хабзэхьэмэхэм кьатхьэкъуа маркэ нэщІхэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щІыналъэм щащэн папщІэ э гъэпщкІуауэ къыщІалъэкІ проДукцэм трагъуэуну арат. А мурадыр бзаджащІэхэм кьехьуэлІуэ щытамэ актиз ахьшэу федеральнэ бюджетым сом мелуан 60-м щІигъу кьаІэрымыхьу кьынэнут.

*УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущапі э.*

## Хьыбарегъащ Іэ

Кайтаев Исмэхьил-хьэжьым адыгэбзэкІэ кьыдигъэкІа «Дыуэ» тхылъыр нэщІикІи тыгъэфІ хуэщущ. Ар пощтым и кьудамэ псомиращ щащэ. КьыщынэмыщІауэ, кьыщІбгъуэтынущ Къэрэшеймрэ Хъуранымрэ я уэрэмхэм я зэблэкІыпІэм и деж щыт тыкуэнымрэ Байсултановым и уэрамым тет «Бугинист-мрэ». Абы ущыщІэупщІэ хьунущ мы телефонымкІэ: 8-928-717-32-51.

**Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

**Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **Жьэкіэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Исэнан Заинэ, Нэщ Іэныдзэ Заитпэ, Къарэн Марие, Хьэжьыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Іи Іэ.**

**КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр**



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщІанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жьылагъэмрэ лъэпкь Іуэхуэхэмкі э - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щІэхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущапі эхэм ядэлажьэнымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІапІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапі эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхуэтыуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытахэм ящу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и щІэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитныныгъэ хьэмэныжьІ Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ Іуэхущапі эм №ІІ-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

*Мы къыдэкІыгъуэм елэмыхэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Сонэ, редактор Жыласэ Заурбэч, корректорэу Афэ Тамарэ (3, 4-нэ нап.), Пхытыкі Юрэ (1, 2-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр щІащ Дол Маринэ, Щомахуэ Марианэ, сурэтхэм елэмыхар Бицу Жаннэщ.*

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.071 ● Заказ №2174